ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№210 (21.868) ● 2010 гъэм щэкІуэгъуэм (ноябрым) и 9, гъубж ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ●

adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым и Администрацэм и Унафэщ Іым и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым и Указ

1. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым и Администрацэм и Унафэщ Іу **Жамборэ Владимир СультІан и къуэр**гъэувын икІи абы иджыпсту иІыгъ къалэныр щхьэщыхьн.

2. Мы Указым кІары егъуэт Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭАрсен

Налшык къалэ
2010 гъэм щэкІуэгъуэм и 3-м
№133-УП

КъБР-м и Президентым и Администрацэм и Унафэщ І Жамборэ Владимир СультІан и къуэр

Жамборэ Владимир СультІан и къуэр КъБР-м и Шэджэм районым щыщ Нартан къуажэм 1953 гъэм жэпуэгъуэм и 7-м къыщалъхуащ. Къэбэрдей-Балькъэр къэрал университетыр «инженер-ухуакІуэ» ІэщІагъэмкІэ, Управленэмрэ бизнесымкІэ Дагъыстэн институтыр «юриспруденцие», «экономик» ІэщІагъэхэмкІэ къыхуащ.

«Череповецметаллургстрой» трестым и «Спецстрой-1» ухуакІуэ управленэм и мастеру дэжьэн щІидзащ. Къэбэрдей-Балькъэрым и ухуакІуэ ІэнатІэм къулыкъу зэмылІуэжьыгъуэхэр, «Къэбалькъстрой» зэгухьэныгъэм и инженер нэхъыщхьэм и кІуэдзэм и кІулыкъури хэту, щиІыгъащ.

1988 гъэм щегъэжьауэ 1996 гъэм нэсыху Гвиней Республикэм щыІащ Урысей ухуакІуэ-монтаж организацэм и инженер нэхъыщхьэу, иужькІэ абы и генеральнэ директору. «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и экономикэр зэпІэзэрыт щІыжьныкъо абы зегъэужьыныкъо» программэм и администрацэ комитетым и ІэщІагъэІ нэхъыщхьэм къыщыщІидзэри а Іуэхущ Іапі эм и унафэщ Іым и кІуэдзэм щегъэжьауэ.

1997 гъэм и гъатхэпэ мазэм щегъэжьауэ 2002 гъэм и щІыщІэ мазэм нэсыху Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм къэрал щІыб зэпыщІэныгъэхэмкІэ и министру щытащ.

ИужькІэ ар «Къэббалькъэнерго» акционер обществэ зэІухам, «Синдика» холдинг компание акционер обществэ зэхуэщІам я унафэщІу щытащ. 2007 гъэм и гъатхэпэ мазэм щегъэжьауэ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и лІыкІуэу Урысей Федерацэм и Президентым и деж зэпымыуэу щыІэм и кІулыкъур иІыгъащ.

2009 гъэм и гъатхэпэ мазэм лъандэрэ Жамборэ Владимир Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым и Администрацэм и УнафэщІым и кІалнхэр игъэзэщІащ.

Унагъэщ, пхъуитІ иІэщ.

Франджыбзэр, инджылызыбзэр, нэмыцібзэр ещІэ.

Тэрч-Балькъ къэзакъ жылагъуэ округым и Уставыр къэщтэным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым и Указ

«Лей зытехьа лъэпкъхэр хей щІыжьным и Іуэхукіэ» Урысей Федерацэм и Законым къэзакъхэм яхуэгъэза и Іыхьэр гъэзэщІэныжьмкІэ зэфІэгъэкІыпхьэхэм ятеухуауэ» Урысей Федерацэм и Президентым 1992 гъэм мэкъуаугъэм и 12-м кьыдигъэкІа Указ №632-м ипкъ иткІэ **унафэ сощІ:**

1. Тэрч-Балькъ къэзакъ жылагъуэ округым и Уставыр къэщтэн.

2. Мы Указым кІары егъуэт Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2010 гъэм жэпуэгъуэм и 27-м
№131-УП

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и къэрал властым и гъэзэщІакІуэ органэхэм къэрал зэхуаку зэпыщІэныгъэхэр зэрырагъэкІуэкІым теухуа Положенэр къэщтэным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым и Указ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм къэрал зэхуаку, щІыналъэ зэхуаку, къэрал щІыб экономикэ зэпыщІэныгъэхэр иригъэкІуэкІыныкмкІэ Іэмалхэр къызэгъэпэщын мурадкІэ **унафэ сощІ:**

1. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и къэрал властым и гъэзэщІакІуэ органэхэм къэрал зэхуаку зэпыщІэныгъэхэр зэрырагъэкІуэкІым теухуа Положенэр къэщтэн.

2. Мы Указым кІары егъуэт Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭАрсен

Налшык къалэ
2010 гъэм щэкІуэгъуэм и 3-м
№138-УП

● Къэрал къулыкъущІапІэхэм

Сурэтыр **МАМИЙ Руслан** *трихащ.*

ГуащІэмрэ пщІэмрэ

КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен щэкІуэгъуэм и 3-м къэрал дамыгъэхэр зыхуагъэфэщахэм Правительствэм и Унэм ахэр щаэтыжащ. А къалэн гуапэр игъэзэщІэн и пэ кьихьигъэщащ гуфІэгъуэ зэхьихьэр Щыхубэм я зэкъуэтыныгъэм и махуэм яфІэфІу зэрырагъэхьэлІар.

- ЗЭРЫТЩІЭЩІ, мы махуэм и лъабжьэщ ди адэжьхэм лІэщІыгъуэкІэрэ къадекІуэкІа хабзэфІхэр, хэкур фІыуэ лъагъуныр, щыхугъэ лъагэр. Ди мурадхэм дальэІэсын папщІэ, нэхьыжьхэм къагъэлъэгъуа лІыхъужьыгъэр ди зэкъуэтыныгъэм, зэуІунытгъэм, зэрылъытэныгъэм я щапхъэ нэс хьун хуейщ. Абы къыхэкІыу зи гуащІэ хьэлэмкІэ, зи зэфІэкІкІэ, зи жьыджэрагъкІэ Урысей Федерацэмрэ Къэбэрдей-Балькъэрымрэ я къэрал дамыгъэхэр къэзылэжьахэр а махуэ гъуэзэджэм ирихьэлІэу дгъэлъэпІэну мурад тщІащ, - жиІащ Президентым. Нобэ мы пэшым щызэхуэсащ ІэнатІэ зэмылІуэжьыгъуэхэм я лІыкІуэхэр. Абыхэм яхэтщ республикэм и экономикэр къызэзыгъэпэщкъэр. Зэрыщыту къапщтэмэ, мы гъэм промышленностым къыщигъэкІым нэгъабэ и апхуэдэ лъэхъэнэм елыитауэ процент 4,5-кІэ хэхьуащ. Иужьрей илъэсхэм республикэм щагъэзэщІащ Іуэхущ Іапі эхэр реконструкцэ щыным, егъэфІэкІуэным тещІыхьа мыхьэнэшхуэ зиІэ инвестицэ проект кІэ. Я фІагъкІэ нэгъуэщІхэм япэхьу продукцэхэр щагъэхьэзыр ІэнатІэщІэхэр къызэІудох.

Къанокъуэ Арсен къызэригъэлъэгъуамкІэ, мэкъумэш хозяйствэм и ІэнатІэхэми нэрылъагъуу зауэкь. Щым и зехьэкІэр ирагъэфІакІуэ, иджырей технологиехэр жьыджэру кьагъэсэбэп, Іэщ псэуалъэ инхэр яухуэ.

Мы гъэм республикэм и мылку нэхьыщхьэм инвестицэу къыхалхьхьэм хэхьуащ, транспорт, сату, Іуэхутхьэбзэ ІэнатІэхэм зэпІэзэрыту заужь, гъуэгухэр ухуэным къаруушхуэ ирахьэлІэ.

- ЗэІущІэм хэтщ егъэджакІуэхэри. Абыхэм я лэжьыгъэфІым дапщэщи пщІэ хэха худощ. Егъэджэныгъэм и ІэнатІэхэм я мылькутехникэ лъабжьэр гъэбыдэным хуэунэтІауэ мы илъэсым куэд зэдгъэхьулІащ, апхуэдэу лъэпкъ проект пэрытым и фІыгъэкІэ егъэджакІуэхэм ягъуэт гульытэми хэхьуащ. Арами, дяпэкІэ кьыттыщытхэр мащІэкъым. Ахэр зэфІэхьныкмкІэ республикэм и егъэджакІуэхэм сыткІи зыкьыттыщІагъэкъуэну, дащоГугъ, - кьыхигъащІ Къэбэрдей-Балькъэрым и лІыщхьэм. - Щыхупсэм и плъыр дохутырхэм игъащІэми пщІэщхуэ хуащІу кьокІуэкІ. Кьыхэзгъэщыну сыхуейт нобэрей зэман мытынщым абыхэм я нэхъыбэм я кьалэнхэр щІыхь пылъу зэрагъэзащІэр. Ауэ узынщагъэр хьымэным и ІэнатІэхэм я мылку-техникэ лъабжьэр гъэбыдэныр, медицинэ Іуэхутхьэбзэхэм я фІагъым хэгъэхъуэныр ди пщэрылъ нэхьыщхьэхэм ящыщу кьонэж. Ди республикэм иІэ хэкІыпІэхэр, «Узынщагъ» лъэпкъ проектым кьыттхуэзыуиха Іэмалхэр кьэдгъэсэбэпкІэрэ, мы зэман гъунэгъум щыткІэр хэпщІыкІыу зэрытхуегъэфІэкІуэнур си фІэщ мэхьу.

КъБР-м и Президентым кьызэрилъытэмкІэ, щыхуэзм я щэнхабзэмрэ я псэм и куэлеягъымрэ зыхуэдэм ди къэкІуэнур куэдкІэ елытащ. Абы фІыщІэ яхуищащ щэнхабзэм зегъэужьыным, бэм я псэкупсэ кьарум хэгъэхъуэным темызашэу телажьэ творческэ интеллигенцэм.

- Мы зэІущІэм кьрихьэлІащ нэгъуэщІ ІэнатІэхэм я лэжьакІуэхэри. Фэ фщыщ дэтхэнэ зыми республикэм и социально-экономикэ зыужьыныгъэм, мамырыгъэр, жылагъуэ зэгурыІуэныгъэр гъэбыдэным хуэфащэ хэлъхьэныгъэ хуещІ. ИкІи Къэбэрдей-Балькъэрым и унафэщІхэм я щІэкІэ, си щхьэм кьыбгъэдэкІыу фи къэмылэнджэжь лэжьыгъэм, гъащІэм щызгъэзащІэ кьалэнышхуэм, фи цыхугъэ лъагэм папщІэ псоми фІыщІэ фхуэзощІ. Узынщагъэрэ зэІуэпэщыныгъэрэ фиІэу Щыхубэм я зэкъуэтыныгъэм и махуэр куэдрэ вгъэлъэпІэну си гуапэщ, - кьыхигъэбелджылыкІащ Къанокъуэ Арсен ирагъэблэгъахэм щехьуэхьум икІи кьыззэхуэсахэм я Іэгуауэм щІэту кьэрал дамыгъэхэр яритыжащ.

Абыхэм ящыщщ я ІэнатІэм щаІэ екъулІэныгъэхэм, апхуэдэу илъэс куэд лъандэрэ хьэлэлу зэрылажьэм папщІэ Урысей Федерацэм и Президентым и Указкі э «Хэкум и пащхьэм щиІэ фІыщІэхэм папщІэ» орденым и II нагъыщ медалыр зыхуагъэфэщахэу «Алыдж-урым бэнэкІэмкІэ олимп резервхэр щагъэхьэзыр республикэ сабий-ныбжьыщІэ спорт школ хэха» къэрал Іуэхущ Іапі эм и тренер-егъэджакІуэ **Къардэн Анзор,** УФ-м Юстицэмкі э и министерствэм и Къэбэрдей-Балькъэр къудамэм и унафэщІ **Тупикин Андрей**, Щэрэдж районым Щэнхабзэмкі э и унэм и хормейстер **Улькашев Азнор** , «Урысей Федерацэм щыхь зиІэ и егъэджакІуэ» щІэ лъапІэр зыфІаща, Балькъэр Ипщэ къуажэм и езанэ курыт школ № 1-м и егъэджакІуэ **Темукуев Адил** сымэ.

(КІэуэхыр 2-нэ нап.).



Мыхьэнэ ин зиІэ къалэн

Собянин Сергей Москва щыщІэсхэмрэ абы и хьэщІэхэмрэ я къыхуриджащ езыхэм я автомашинэхэр нэхъ къеззгъ щІыпІэхэм щагъэувыну.

«Мы Іуэхур зыхуэзгъэзар гъуэгухэмрэ абыхэм я Іуфэхэмрэ автомобилхэр щызэтремыгъэхьэнырщ, - кьыхигъэщхьэхуакІащ щыхьэрым и Іэтащхьэм.

Собянин Сергей жиІащ мы Іуэхур мыхьэнэ ин зиІэ къалэну къызэриІыгъэр икІи ар зэрызэфІахьыну щІыкІэм къалэ унафэщІэр зэрегупсысынур.

Хабзэхъумэхэм хуагъэфащэ

Хабзэхъумэхэм кьабгъэдэкІа хьыбархэм къызэрыхэщымкІэ, «Коммерсант» газетым и редактор нэхьыщхьэ Михайлиш Михаил прокуратурэм ираджащ.

Абы и пэкІи Следственнэ комитетыр щІыхуипщІхэм якъриупщІыхьащ зи гугъу тщІы газетым и лэжьакІуэ Кашин Олег щэкІуэгъуэм и 5-м хьэлъэу зэраубэрэжьам екъэлІауэ.

Кашин Олег газетеджэхэм фІыуэ ящыхьу зи Іуэху еплъыкІэхэр зэи зымыхьэж икІи ахэр кьехьэкІ-нехьэкІ хэмылъу къэзыІуэтэф журналистыр.

Хабзэхъумэхэм хуагъэфащэ кьыщыщІари абы кьрикІуауэ.

Дмитрийр Японием и премьер-министрымрэ Курил хьтІыгухэм егъэщІылІа Іуэхуэхэм тепсэлъыхьынуц Азие-Хы Хуэм экономикэ зэІущІэр щекІуэкІкІэ.

Абы хэтын папщІэ УФ-м и Іэтащхьэр мыгувэу Японием кІуэнущ. Пресс-секретарым кьыхигъэщхьэхуакІащ мыпхуэдэ зэхуэсхэм хэту къаралитІым я кьулыкъущІэ нэхьыщхьэхэр щызэхуэзэкІэ, хьтІыгухэм ящыщІа Іуэхуэхэр фІэкІыпІэ имыІэу къызэраІэтыр.

Президентым и пресс-секретарь Дворкович Аркадий зэрыжиІамкІэ, Медведев



♦Фашизмымрэ антисемитизмымрэ ящэщІэтыным и дунейпсо махуэщ

♦Камбоджэ пащтыхьыгъуэм и лъэпкъ гуфІэгъуэщ - къаралыр щхьэхуэ щыхьэуа махуэщ.

♦ Рекордхэмкі э Гиннесс и тхьылым и махуэщ. Мы гъэм а тхьылым и тиражыр мелуанищэм щІигъуащ.

♦ЩэкІуэгъуэм и 9 - 10-хэм Трабзон (Тырку) щэкІуэкІынущ тенджыз ФІыцІэ экономикэ зэдзлэжьэныгъэм хэт къэралхэм я хьэрычэтыщІхэм я зэІущІэ.

♦1918 гъэм **Къатхъэн Назир** и полкым пащтыхь генерал Мистуловым и дзэр зэхикъуташ.

♦И ныбжьыр илъэс 70 ирокъу Адыгейм щыщ усакІуэ, егъэджакІуэ **Хьэлэш Сэфарбий.**

Плансэр зэхьокІыныр **ШАЛ Мухьэмэдщ.**

Къэпкъ Іущыгъэ:

Тенджызрэ пэт ткІуэпс-ткІуэпсу зэхэтщ.

Прохладнэ къалэ

Сабий зеиншэхэм - псэупІэ

Прохладнэдэсхэу Ваганов Викторрэ Агатьевэ Оксанэрэ жэпуэгъуэм и 27-м гуфІэгъуэ щытыкІэм иту я фэтэрхэм я Іункіыбзэ Іуухэр иратыжащ.

РЕСПУБЛИКЭ бюджетым и мылъкукІэ къалэ администрацэм кьищэхуа фэтэрхэр псэупІэ хузэныкъуэу чэзум щыт сабий зеиншэхэм, адэ-анэм я кІэлъыплъыныгъэм щІэмытыжхэм ящыщхэм хухахащ.

Псэупіэ зратахэм ехъуэхъури, щІыпІэ администрацэм и унафэщІ Пархоменко Юлие кьыжьгъащащ я гъащІэм кьыщыхъуа зэхъуэкІыныгъэфІым хуэфащэу дяпэкІи я Іуэхухэр дахэу зэтеувэну зэригуапэр.

КъБР-м егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министрым и къуэдзэ Мартазэ Борис кьызэригъэлъэгъуамкІэ, апхуэдэ сабийуэ 776-рэ нобэ чэзум щытщ. Илъэситхум кьэриубыдэу абыхэм псоми псэупІэ иратынущ. А Іуэхум сом меларди 2-м щІигъу хухахыну я мурадщ.

ПАНФИЛЕНКЭ Людмилэ.

«Адыгэ псалъэр» къыфІэрыхьэну фыхуеймэ

Ди щІэджыкІакІуэ лъапІэхэ!

2011 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм ди газетым и уасэщ сом 356-рэ кІэпІейкІи 10-рэ.

«Адыгэ псалъэм» Іэ щытевдзэ хъунущ республикэм и пощт Іуэхущ Іапі э псоми.

Ди индексыр 51531

Ахъуэхъу Марат и къулыкъур

КЪЭБЭРДЕЙ-Балькъэр Республикэм и Президент Къанокъуэ Арсен къызэригъэлъэгъуам тету, Ветеринар, фитосанитар кІэлъыплъыныгъэмкІэ федеральнэ къулыкъущІапІэм и Управленэу КъБР-м щыІэм и унафэщІу ягъэуващ 2005 гъэм нэсыху республикэм и Правительствэм и Унафэщ Іым и къуэдзэу - мэкъумэш хозяйствэмкІэ министру щыта Ахъуэхъу Марат. А ІэнатІэм иджыри къэс пэрытащ КъБР-м и Президентым и Указкі э республикэм и Правительствэм и вице-премьеру игъэува Сэхъурокъуэ Хьэутий.

Ахъуэхъу Марат Управленэм и лэжьакІуэхэм ирагъэцІыхуащ Урысей Федерацэм мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министр Скрынник Еленэрэ Ветеринар, фитосанитар кІэлъыплъыныгъэмкІэ федеральнэ къулыкъущІапІэм и унафэщІ Данкверт Сергейрэ лэжьыгъэ Іуэхукіэ Налшык къаГэкІуа, УФ-м Ветеринар, фитосанитар кІэлъыплъыныгъэмкІэ и и къулыкъущІапІэм и унафэщІым и къуэдзэ Саурин Алексей.

БЭРБЭЧ Борис.

● Гъавэ

Щыхэхъуэ зэпыту

КъБР-м Мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министерствэм и пресс-Іуэхущ Іапі эм и лэжьакІуэ Самченко Светланэ къызэритамкІэ, Къэбэрдей-Балькъэрым нартыхуэ гектар мин 50-м нэсым щыІуахьжащ икІи псори зэхэту тонн мин 230-м щигъу къыщрахьэлІащ.

СЭХУРАНЫМ и процент 90-р зэщІакъуэжащ. Апхуэдэ къэкІыгъэу тонн мин 39,7-рэ кьрахьэлІащ - зы гектарым ику иту центнер 14 хуэзэу. Ахэри нэгъабэрей бжыгъэхэм нэхърэ нэхъ мащІэкъым.

КІэртІофыр кьыщатІыжащ гектар мин 14-м (процент 98-м). Мы гъэм кІэртІофым и бэвагъыр центнер 17-кІэ щхьэпрокІ блэкІа илъэсым зэрыщытам нэхърэ. Псори зэхэту кІэртІоф тонн мин 252,5-рэ кьрахьэлІэжащ - 2009 гъэм а бжыгъэр зэрахьэу щыта тонн мин 210-м и пІэкІэ.

Кьанэ щІагъуэ щымыІэу хадэхэкІэр зэщІакъуэжащ. Дэтхэнэ зы гектарми ику иту центнер 195-рэ кьитащ. Ар нэгъабэ ельытауэ процент 11-кІэ нэхъыбэщ. Мы зэманым кьэбыстэ, пхъы, жэгундэ бэв Іуахьж. «МэкъумэшыщІэхэм кьалэну кьапэщытщ хьэсэхэм зрамыгъэубгъуу гъавэм и бэвагъыр кьаІэтыну. 2010 гъэм зэкІэ ирикІуа-хэр щыхьэт тохьуэ ар абыхэм кьаззрехьуІэм», - жиІащ министерствэм щыкІэ Іуэхэмрэ жылапхъэхэмкІэ и кьудамэм и унафэщІ Пщыхьэщ ТІэхьир.

● Прохладнэ къалэ

Сабий зеиншэхэм - псэупІэ

Прохладнэдэсхэу Ваганов Викторрэ Агатьевэ Оксанэрэ жэпуэгъуэм и 27-м гуфІэгъуэ щытыкІэм иту я фэтэрхэм я Іункіыбзэ Іуухэр иратыжащ.

РЕСПУБЛИКЭ бюджетым и мылъкукІэ къалэ администрацэм кьищэхуа фэтэрхэр псэупІэ хузэныкъуэу чэзум щыт сабий зеиншэхэм, адэ-анэм я кІэлъыплъыныгъэм щІэмытыжхэм ящыщхэм хухахащ.

ПсэупІэ зратахэм ехъуэхъури, щІыпІэ администрацэм и унафэщІ Пархоменко Юлие кьыжьгъащащ я гъащІэм кьыщыхъуа зэхъуэкІыныгъэфІым хуэфащэу дяпэкІи я Іуэхухэр дахэу зэтеувэну зэригуапэр.

КъБР-м егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министрым и къуэдзэ Мартазэ Борис кьызэригъэлъэгъуамкІэ, апхуэдэ сабийуэ 776-рэ нобэ чэзум щытщ. Илъэситхум кьэриубыдэу абыхэм псоми псэупІэ иратынущ. А Іуэхум сом меларди 2-м щІигъу хухахыну я мурадщ.

ПАНФИЛЕНКЭ Людмилэ.

ГуащIэмрэ пщIэмрэ

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.).

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Щ1ыхь тхылыр цIыху 15-м яритыжащ. Апхуэдзу «УФ-м и КъБР-м щIэ Федеральнэ гъунапкъэхъумэ управленэ» ФГУ-м и унафэщI **Агеенко Иван** , Къэщокъэау поселкэм и щIыпIэ администрацIэм и Iэтащхьэ **Акоев Ахьмэт** , «ШакIуэхэмрэ бдзэжьеящхэмрэ я республикэ обществэ» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и правленэм и тхьэмадэ **АфIэунэ Амдул**, Нарткъалэ дэт «Лицей №1»-м урысыбзэмрэ литературэмрэ щэзыгъэдж **Блий Людмилэ** , КъБКъУ-м Къэбэрдей-Балъкъэрым щIпсэу льэпкъхэм я тхыдэмрэ этнологиемкIэ и кафедрэм и доцент **Кьалмыкъ Жылэбий**, Къэрал кIэщI IуэхуэхмкIэ министерствэу КъБР-м щыIэм и полковник **Маргъущ Азрэт**, нэгъуэщIхэри.

КъБР-м щIыхь зиIэ и цIэ льапIэхэр зыфIащахэмри Президентым тхылъхэр я1щIи1ащ. Апхуэдэ пщIэ эыхуагъэфэщахэм ящыщI Къэбэрдей-Балъкъэрым и Парламентым и Iэтащхьэ **Чеченов Ануар**, абы и къуэдзэ **Бозий Натбий** республикэм стандартизацIэмкIэ, метрологиемрэ сертификацIэмкIэ и IэнатIэм и унафэщI **Шурдым Юрэ**, КъШР-м и Правительствэм деж щыIэ гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ институтым и лэжьакIуэ **Хьупсырокъуэ Хьызыр**, Налшык и «Къаджэ сымаджэщ №1»-м и дохутыр нэхьыщхьэ **Що-джэн Николай**, КъБР-м цIыхум и хуитыныгъэхэмкIэ и уполномоченнэ **Зумакулов Борис** юстициемкIэ и Iэхэущ1апIэм, республикэм и антимонопольнэ къулыкъущIапIэм я унафэщIх эу Тупикин Андрей, Пщыншэ Казбек, Музыкэмкlэ театрым и солист-уэрэджыкIалэу Къуныжь Алим, Зумакулов Борис, нэгъуэщIхэри «Хэкум и пащхьэм щиI» фIыщIэхэм папщIэ» IV нагъыщэ орденыр иджыблагъэ кьыззэрыхуагъэфэщамкIэ КъБР-м и Президентым ехъуэхъуащ икIи зыуэ1щIыныгъэм тегъэпсыхьа и мурадышхуэхэр дапщэщи зэрыдалыгъыгъуэр кьыхагъэщащ. Абыхьэм жаIэхэмрэ пэщIэмкIэ щыкIэ у, Къанокъуэ Арсен кьигъэльэгъуащ республикэм и зыужьныныгъэр зэрыщыту щIэныгъэ куум, инновацIэ унэтIныныгъэр зи льабжьэ технологие льагэм и Iэмалхэм зэрытращIыхьыжащ.

- Ахэр икъукIэ кьалэн гугъущ, ауэ дызэкъуэту яужь дихьэмэ, тхуэмыгъэкъарууп хэлькьым. Аращи, идыяри зэ сынывохьуэхьу къэрал дамыгъэ льапIэхэр кьызэрыфхуагъэфэщам папщIэ, дяпэкIэ фIэщыкIэм хэвгъэ-хьуэнуи сыфщыогуть, - зэIуцIэр щызэхуищыжым республикэм и Президентым захуигъэзащ кьызэхуэсахэм.

Зэхьыхьэм хэтахэм зэгъуэсу фэепль сурэт зытраГъэхащ.

ХЬЭЖЫКЪАРЭ Алик.

● КъБР-м и Правительствэм

Сурэтыр **МАМИЙ Руслан** *трихащ.*

Жэуаплыныгъэр ягъэлъэщ

Ди газетым зэрытетащ. КъБР-м и ПравительствэщIэм и апэ зэIущIэр щэкIуэгъуэм и 2-м Меркулов Александр иригъэкIуэкIащ. Абы Iуэ хуГуэ 13 щызэпкърахащ.

АПХУЭДЗЩI «2010 - 2012 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм зэхъэзэхуэ Iэмалхэм зэрызыщащыжьынур» республикэ программэ хэхам зэхъуэкIыныгъэхэр къыхъхьэным и Iуэхущ1э», Къэбэрдей-Балъкъэрым и къэрал Iэнатl эхэм я правовой щытыкIэр егъэфIэкIуэныгъэ кIэ гъэмыхтхъэхэм я планыр къэщтэным теухуауэ, КъБР-м хъыбарегъащIэ Iэнатl эм зэрызыщIыкIымрэ электрон правительствэр зэрыщаубзыхымрэ теухуауэ Мусуков Алий жиIэхэм. Министрым кьыззэрыхинэщамкIэ, къэралым и дэнэ щIыпIи хуэдэу, ди республикэми а Iуэхуэщ1 гулъытэшхуэ щыхуащI. ХьыбарегъащIэ Iэнатl эм зэрызрагъэжьыныр щIыкIэр ягъэбелджылыри, зыхуэфащэ Iэнатl эхэм я деж щызэхуагъэкIуащ, кьащтэн папщIэ мы зэман гъунэгъум Правительствэм кьыщыхьатхъэнущ. Илъэсищым кьрыбыдэу а Iуэхум сом зы мелардым щIигъу хухахынущ.

- Электрон правительствэ убзыхуным нэхъыщхьэу хэлъыр кьэрал, муниципальнэ Iуэхутхьбзэкъэ я портал кьызэгъэпэщыныр. Ар нобэ ди деж щолажьэ, цIыхухэми, Iэнатl эхэми кучэту кьагъэсэбэп. Мы зэманым абы щызэхуахьэсащ кьэрал, муниципальнэ Iуэхутхьбзэу 260-м щIигъу. КьищынэмыщIауэ Iуэхутхьбзэ 21-рэ электрон IэмалкIэ хуащI, - кьигъэльэгъуащ министрым.

- ЕтIанэгъэ щегъэжьауэ хэкъуэзауэ депэжьыныщ кьэрал Iуэхутхьбзэ куэд зэуэ щызэфIагъэкIыну центр кьызэрэзэпэщыным.

Абы и лъэныкъуэкIэ зэфIагъэкIэм Правительствэм хэтхэр арэзы техъуащ.

Къбр-м спортымкIэ и министр **АфIэунэ Асльэм** республикэм и спортсменхэм мы гъэм зыIэрагъэха екъулIэныгъэхэм зэпкърыхауэ кьытеувыIащ. Абы зэрыжиIамкIэ, иджыпсту еджакIуэ мин 28-м нэблагъэм спорт лIэужьыгъуэ 33-м зыхуагъасэ. Мазибгъу блэкIам ди спортсмен 29-м «Урысейм спортымкIэ и мастер», 6-м «СпортымкIэ дунейпсо классым и мастер», 189-м спортымкIэ мастерым и кандидат щIэзэр кьыфIащащ.

- Къэбэрдей-Балъкъэрыр зэхъэзэхуэ инхэм я хэщапIэ хъуащ. Мазипщ1ым кьрыубыдэу ди деж щекIуэкIащ спорт лIэужьыгъуэ зэхуэмыдэхэмкIэ ныбжьыщIэхэмрэ щIалэгъуалэмрэ я урысей зэпеуэ куэд. Гъэм зэрыщIидзэрэ республикэм и спортсменхэм зэхъэзэхуэ 96-м зыкьыщагъэльэгъуащ, 197-м дунейпсо, урысейпсо зэпеуэхэм бжьыпIэр щаубыдащ, увыпIэ лъагэхэр кьыщахьащ. ИлъэсипIи и пэкIэ къэралым и командэ кьыхэхам ди лIыкIуитI фIэкIа хэмытамэ, нобэ ахэр 66-рэ мэхъу, - къыхихигъэбелджылыкIащ министрым.

Апхуэдзу абы зэхуэсахэр хигъэтгъуэзащ спортым и мылъку-техникэ гъабжьым зегъэужьыным хуэунэтIащ мы илъэс гъунэгъуэм зэфIагъэкIыну я мурадхэм.

Зэхьхьэм щыхэпIыащ цIыхухэм Iэнатl эр яIэным щыщIыкIэ щытыкIэ ткIийр кьэгъэсэбэпыным теухуауэ щIэжьауэ ягъэхьэзыра программэр гъэзэщIа зэрыхьум. КъБР-м Щыхухэр Iэнатl экIэ кьыхэзэгъэпэщыныжкIэ и кьэрал комитетым и унафэщI **Къуэдзокъуэ Мухьэмэд** кьызэригъэльэгъуамкIэ, дызэрыт щэкIуэгъуэ мазэм ирихьэлIэу гъэжьапIэншэу зэзыгъэтхаэм я бжьыгъэ мин 12-рэ 927-рэ мэжу. Ар нэгъабэ и апхуэдэ лъэхъэнэм елъытауэ мини 9-кIэ нэхъ мащIэщ. Мазибгъуэм къриубыдэу цIыху мини 10-рэ 140-м Iэнатl экъыхуагъэзащ. Гъэм зэрыщIидзэрэ Iуэхущ1апIэ 90-м кьащтащ цIыхухэр зэрыIуагъэкIым, лэжьэгъуэ махуэр зэрагъэкIэщIым е ахъшэ хуамытхыу отпуск зэрагъакIуэм теухуа тхыльхэр.

- Iэнатl эм щыщIэ щытыкIэ ткIийр кьэдгъэщэбэн мурадкIэ, щхьэхуэу лэжьыпхъэхэм теухуа программэр догъэзащIэ. Федеральнэ, республикэ бюджетхэм щыщу а Iуэхум сом мелуани 145-рэ хухахащ. Мы гъэм жэпуэдэгъэм и 1-м хуэззу ди кьудамэхэм я Iуэрэнизацие 23-м иращыIалащ цIыху 640-рэ жылагъуэ лэжьыгъэхэм эжэным теухуа зэгурыIуэныгъэхэр. IэщIагъэ ззэныгъэуэта щIалэгъуалэ 310-м Iуэхущ1апIэ зэмылIэужьыгъуэхэм я Iэзагъым щыхагъэхъащ, - жиIащ Къуэдзокъуэ Мухьэмэд. - Мази 9-м къриубыдэу Iэнатl эншэу 1935-м щхьэзакъэуэрыламжьэу зрагъэтхащ икIи ахэр 3ныз щыт кьэрал реестрым ирагъхьащ, Абыхьэм щыщу 295-м фермер хозяйствэ кьызэрагъэпэщащ. Зи Iуэху кьыдэзыхьжьыну хуейуэ зыхуэмыгъэкъаруэхэм Къэралым защIеГъакIуэ. Кьапщтэмэ, апхуэдэ Iэмалкlэ езыхъэм я Iэнатl э кьызэIуахьжащ ныкъуэдыкъуэ 163-м, зи закъуэу сабий зыпI, бын куэд зиIэ адэ-анэу 214-м, щIалэгъуэ 335-м . Мы Iуэхум зеГъэужьыным кьэрал мылъкуу сом мелуани 111,7-рэ хальхащ.

Къэрал комитетым и унафэщIыр кьытеувыIащ 2011 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iуэху щегъэфIэкIуэным хуэунэтIащэ щхьэхуэу лэжьыпхъэ хэм я программэм и проектыр зэрагъэхьэзырым, абы кьызэщIагъэжьауэ. «Къэбэрдей-Балъкъэр» кьэрал телевиденэм и гупитI Тверь кIуати, ди гуапэ зэрыхьущIи, тIуми екъуэлIэныгъэ абы щызыIарэгъэхьэфащ.

«Анимацэ фильм нэхъыфI» Iыхьэм хэту ягъэлъэгъуа «Къэрабэ» нэтыным ещанэ увыпIэр кьыхуагъэфэщащ. Ар ягъэхьэзыращ редактор Вэрокъуэ Софиятрэ, абы и гъусэу нэтыныр езыгъэкIуэкI ГъукIакъуэ Идар, режиссер Абазэ Аленэ, оператор Туманов Алексей, монтаж зыщIа Сокъур Залым сымэ.

«Режиссер лэжьыгъэ нэхъыфI» номинацэм япэ увыпIэр кьыщихьащ «Билляча» («Знайка») нэтыным (ар зыгъэхьазырар нэтыныр зытха Къхьанэ Залинэ, режиссер Акаев Расул, оператор Теппеев Мыхьэмэт сымэщ).

- Фестивалым хэта лэжьыгъэхэр кьипщытащ телевиденэ нэтынхэр езыгъэкIуэкI Гуревич Александр зи пащэ гуапым. МахуищкIэ екIуэкIа фестивалым кьрикIуахэр ящыщыджаIэжар Филармоние и унэ Тверь кьалэм дэтыр, ВГТРК-м и унафэщIым и кьэдэз Земцов Петр зэпеуэм и дипломыр кьыщыдитыжари а зэIущIэрщ, - дыщигъэгъуэзащ Вэрокъуэ Софият. - Егъэлеяуэ гуапэу драгъэблагъэщ, махуищым и кIуэцIкIэ ди нэгу зрагъэужьащ, дызыигъэгушхуа щытхъу псалъэхэр куэдым кьыджаIащ. Фестивалым кьызэщIиубыдэу ирагъэкIуэкIащ зэIущIэ зэхуэмыдэхэр. Псалъэм папщIэ, «Вести Тверь» телевиденэм дызэрыщIар, Канделаки Тинэ зыхэта, «Недетские вопросы детского вещания» зыфIащащ «СтIол хуэрейр», ныбжьыщIэ телевиденэм ехьэлIа Iуэхухуэм теухуауэ Гуревич Александр кьызэригъэпэщащ мастер-классыр. Ди жагъуэ зэрыхъэщIи, зэпеуэр зэхуэщIауэ екIуэкIащ, фестивалым хэта лэжьыгъэхэр эдгъэльэлъагъуфыну Iэмал диIакъым. Дауэ мыхъуми, дэ дыхуеят ди лэжьыгъэм къыщыдгъэсэбэпын, ди тыхуеят ди нэжьыгъэм зэрытщIын Iэмалхэр къэтщIыну, щIэ гуръэм зыщыдгъэгъуэзэну.

КьыдэхъуЛэмэ, илъэс кьакIуи «Мир Бибигона» фестивалым дыхэтыну ди мурадщ, увыпIэ нэхъыфI эрызыIэрыдгъэхьэнми дыхущIэкъунущ.

ИСТЭПАН Залинэ.

● Хъыбар гуапэ

Афэрым!

«Къэрабэ» нэтыныр езыгъэкIуэкIэуэ школакIуэ ГъукIакъуэ Идаррэ редакторэ Вэрокъуэ Софиятрэ.

Сурэтыр **IЭХЪУЭБЭЧ** *Хьэзрэ1ил трихащ.*

ЩэкIуэгъуэм и апэ махуищым Тверь кьалэм щекIуэкIащ сабийхэмрэ ныбжьыщIэхэмрэ яхуэгъэза медиапроектхэм «Мир Бибигона» я апэ Урысейпсо фестиваль. Илъэс кьэс ирагъэкIуэкIыну и мурад зэхьыхэр кьызэзыгъащIар Радиомрэ телевиденэмкIэ урысейпсо кьэрал Iуэхущ1апIэмрэ Тверь областым и администрацэмрэщ.

НЫБЖЬЫЩIЭХЭМ яхуэгъэза теленэтынхэм я мыхьэнэр зэрыиным иджыри зэ щIыхуэхэм гу лъетъэтэнщ, щIэблэм я гъэсэныгъэм, я гъащIэм теухуауэ зэфIэгъэкIыпхъэхэхэр наIуэ къэщIынращ фестивалым и мурад нэхъыщхьэу щытар.

ЩIыналъэ 40-м я лIыкIуэхэр зэпеуэ ди номинацэ 11-кIэ, лэжьыгъэу 120-рэ абы щагъэлъэгъуащ. «Къэбэрдей-Балъкъэр» кьэрал телевиденэм и гупитI Тверь кIуати, ди гуапэ зэрыхъущIи, тIуми екъуэлIэныгъэ абы щызыIарэгъэхьэфащ.

«Анимацэ фильм нэхъыфI» Iыхьэм зэту ягъэлъэгъуа «Къэрабэ» нэтыным ещанэ увыпIэр кьыхуагъэфэщащ. Ар ягъэхьэзыращ редактор Вэрокъуэ Софият, абы и гъусэу нэтыныр езыгъэкIуэкI ГъукIакъуэ Идар, режиссер Абазэ Аленэ, оператор Туманов Алексей, монтаж зыщIа Сокъур Залым сымэ.

«Режиссер лэжьыгъэ нэхъыфI» номинацэм япэ увыпIэр кьыщихьащ «Билляча» («Знайка») нэтыным (ар зыгъэхьазырар нэтыныр зытха Къхьанэ Залинэ, режиссер Акаев Расул, оператор Теппеев Мыхьэмэт сымэщ).

- Фестивалым хэта лэжьыгъэхэр кьипщытащ телевиденэ нэтынхэр езыгъэкIуэкI Гуревич Александр зи пащэ гуапым. МахуищкIэ екIуэкIа фестивалым кьрикIуахэр ящыщыджаIэжар Филармоние и унэ Тверь кьалэм дэтыр, ВГТРК-м и унафэщIым и кьэдэз Земцов Петр зэпеуэм и дипломыр кьыщыдитыжари а зэIущIэрщ, - дыщигъэгъуэзащ Вэрокъуэ Софият. - Егъэлеяуэ гуапэу драгъэблагъэщ, махуищым и кIуэцIкIэ ди нэгу зрагъэужьащ, дызыигъэгушхуа щытхъу псалъэхэр куэдым кьыджаIащ. Фестивалым кьызэщIиубыдэу ирагъэкIуэкIащ зэIущIэ зэхуэмыдэхэр. Псалъэм папщIэ, «Вести Тверь» телевиденэм дызэрыщIар, Канделаки Тинэ зыхэта, «Недетские вопросы детского вещания» зыфIащащ «СтIол хуэрейр», ныбжьыщIэ телевиденэм ехьэлIа Iуэхухуэм теухуауэ Гуревич Александр кьызэригъэпэщащ мастер-классыр. Ди жагъуэ зэрыхъэщIи, зэпеуэр зэхуэщIауэ екIуэкIащ, фестивалым хэта лэжьыгъэхэр эдгъэльэлъагъуфыну Iэмал диIакъым. Дауэ мыхъуми, дэ дыхуеят ди лэжьыгъэм къыщыдгъэсэбэпын, ди тыхуеят ди нэжьыгъэм зэрытщIын Iэмалхэр къэтщIыну, щIэ гуръэм зыщыдгъэгъуэзэну.

КьыдэхъуЛэмэ, илъэс кьакIуи «Мир Бибигона» фестивалым дыхэтыну ди мурадщ, увыпIэ нэхъыфI эрызыIэрыдгъэхьэнми дыхущIэкъунущ.

ИСТЭПАН Залинэ.

● КъБР-м и Парламентым

Анэдэлъхубзэм теухуауэ

«Лъэпкъыбзэхэр зэрырагъэдж тхылъхэр 2007 - 2011 гъэхэм егъэфIэкIуэным теухуауэ» республикэ программэм кьыщыгъэлъэгъуа Iуэхугъуэхэр гъэзэщIа зэрыхьум иджыблагъэ щытепсэлъыхьащ КъБР-м и Парламентым и зэхуэсым и «Правительствэм и сыхьэт» Iыхьэм. Депутатхэм нэмыщI, зэIущIэм хэтащ КъБР-м егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министрым и щIэщIыгъэ Щхьэгъэпсо Сэфарбий, министерствэм и Iэщ1агъэдIэхр.

ЩхьэГъэПСОР кьыщыпсалъэм кьыгъэлъэгъуащ республикэ программэм щыиубыхуа унэтIныныгъэхэр гъащIэм хэпща зэрыхъур. Абы зэрыжиIамкIэ, министерствэм и нэIэм щIэту йолажьыж икIи кьыдагъэкI курыт школхэм адыгэбзэмрэ литературэмрэ, балъкъэрыбзэмрэ литературэмрэ зэрыщагъащIэр тхылъхэр, методикэ пособиехэр, нэгъуэщIхэри. А IуэхугъуэхэмкIэ лэжьыгъэшхуэ зэфIэхуа хъуами, программэмэ кьыщыгъэльэгъуа псори иджыри зэфIэкIакъым. Абы и щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэр ар мылъкукIэ нэсу кьызэгъэпэща зэрымыкъурщ. Программэр зытещIыхьа зэманым и нэхъыбапIэр блэкIами, ар гъэззэща зэрыхъэр зыхуагъэзувыжахэм я процент 55-м нэскIащ.

- Апхуэдзу щытми, лъэпкъыбзэхэмкIэ тхылъыщIэхэр зэхэсгъэувэным, щыIэхэм елэжьыжьынм пыщIа Iуэхуэхэр зэи кьыззтеувыIакъым. АбыхэмкIэ стандартыщIэхэмрэ программэщIэхэмрэ убзыхуа хъуащ. Апхуэдзуи адыгэбзэрэ балъкъэрыбзэкIэ зэрадзэкIащ 1 - 4-нэ классхэм математикэмрэ щыIэлэжьыжьынм пыщIа Iуэхуэхэр. Апхуэдзу бзиргъэсэу егъэджэныгъэм кьыщыгъэсэбэпынм хуэщIа тхылъ гуп щхьэхуэхэми елэжьащ. Абыхэм ящыщу 1-2-нэ классхэм хуэхахар кьыдагъэкIащ, хуэхьэзырщ, 3-4-нэ классхэм я тхылъхэм елэжьынри и кIэм нэсауэ жьыпIэ хъунущ, - къигъэльэгъуащ Щхьэгъэпсом. - Си гуапэу кьыхэзгъэщыну сыхуейт мыхьэнэ ин зиIэ а Iуэхуэгъэщ щыIу гупышхуэ зэдзууэ зэрелажьыр. Псори зэхэту кьапщтэмэ, программэр гъэззэщIэнмк программэр гъэззэщIэнмк ящыщ ятщ Iэщ1агъэлIи 158-рэ. Абыхэм яхэтщ щIэнгъэлIхэр, егъэджакIуэхэр, методистхэр, тхакIуэхэр. Апхуэдзу автор гупхэм щхьэхуэ-щхьэхуэу дадолажьэн щхьэкIэ, ди министерствэм кьызэригъэпэщащ Лъэпкъ егъэджэныгъэм зегъэужьыныкIэ лабораторэ.

Щхьэгъэпсор апхуэдзу тепсэлъыхьащ зэреджэ тхылъхэм, псом хуэмыдэу литературэм, ярыт тхыгъэхэм нобэрей гъащIэр кьызыхэзгъэхэм зэрыщымащIэм, абы кьыдэкIуэуи полиграфие и лъэныкъуэкIэ абыхэм я теплъэми арэзы дыдэ укъызэримыщIым.

Докладыр щызэпкърахым, депутатхэр зыщIэупщIахэм ящыщу анэдэлъхубзэхэмкIэ егъэджакIуэхэр гъэхьэзыра зэрыкъыпхьэ абыхэм щыщ1ахэр кьызэщIикъуэжу икIи абы елэжь министерствэм фIыщIэ хуищу зэхуэсым и кIэухуэу кьышыпсэлъащ КъБР-м и Парламентым и Унафэщ1 **Чеченов Ануар**.

- Иджырей гъащIэм бдзэрей гъащIэр кьызыхэзгъэхэм, щIалэгъуалэм щIэныгъэ куу зрагъэгъуэтын хуейщ. А гъуэгушхуэм и кьежьапIэр, щэч хэмылъу, школыпIэ. Лъэпкъ мащIэхэм кьащIэхьуэ щIэблэм, адрей щIэныгъэхэм я гъусэу, ящIэн хуейщ я анэдэлъхубзэр, литературэр, сыту жыпIэмэ зыэрал зэрыкъыпхьэ и тхыдэр, хабзэр, щэнхабзэр кьыщыгъэльэгъуар. Абы икIи иткIэ адыгэбзэр, балъкъэрыбзэр ди школхэм щегъэджэныным, я бзэр фIыуэ яIыгъуэу, ар яIурылъу щIэблэр кьэгъэзэджэным сыт щыгъуи гулъытэ хэха хуэщIыпхъэщ, - жиIащ Чеченовым.

Парламентым и Президиумым КъБР-м и Правительствэм хуэгъэза чэнджэщ щхьэхуэхэр кьыщтащ. Апхуэдэхэщ, псалъэм папщIэ, «Лъэпкъыбзэхэр зэрырагъэдж тхылъхэр 2007 - 2011 гъэхэм егъэфIэкIуэным теухуауэ» республикэ программэм кьэкIуэну илъэсым и бюджетым мылъку щыхэхэнныр, езы дофтэрым и пIалъэри 2013 гъэ пщIондэ гъэIэпхуэныр.

УРЫСМАМБЭТ Бэлрэ,

КъБР-м и Парламентым и пресс-Iуэхущ1апIэм и лэжьакIуэ.

● Зэпеуэхэр

КъБР-м и лIыкIуэхэм я зэфIэкIыр

Хабзэхьумэхэм я лэжьыгъэм тетхыхь журналист нэхъыфIхэр Воронеж къалэм щагъэльэпIащ. Иджыблагъэ абы щызэхэтащ «МэIухумрэ къалэмымрэ» урысейпсо зэпеуэм кьрикIуахэм щыхэпльэ зэIущIэ. Абы кьрихьэлIащ УФ-м къэрал кIэщI Iуэхуэхмкlэ и министр Нэгалиев Рустам и Iэтащхьэ Воронеж областым и губернатор Гордеев Алексей.

НУРГАЛИЕВ Рашид МВД-м хъыбарегъащIэ Iэнатl эхэмрэ жылагъуэ зэпщIэныгъэхэмкIэ и къудамэм и лэжьакIуэхэм фIыщIэ яхуищIащ, жэуаплныныгъэ пIыпIу я къалэныр зэрырахьэжIым папщIэ, апхуэдэу Урысейм Къэрал кIуэцI Iуэхуэхмкlэ и министерствэм зэфIиГъэкIэр нэсу кьэзыгъэльэгъуэ журналистхэм псалъэ гуапэкIэ зэхуигъэзащ. «Фи тхыгъэхэм Iэмал кьыдат ди лэжьыгъэм дыкIэтыпIтыкыну, нужькIэ абы зэхъуэжIныпIэхэр зэтпльэхьнымкIи сэбэп мэхъу», - жиIащ министрым.

Гордеев Алексей кьыхигъэщащ дэтхэнэ зы цIыхури пэжым тету, жэуаплныныгъэ хэпльу псэун зэрыхуейр. «Ауэ псом хуэмыдэу а хьэлыр яхэдгьыпхъэщ хабзэхьумэ Iэнатl эм и лэжьакIуэхэмрэ журналистхэмрэ, - жиIащ абы. - Ахэр ящIэнгъэ Iуэхущ1афэмкIи, псалъэмкIи жэуаплгъуэм я деж щыжэуапгъкIуэщ».

Урысейм и МВД-м жылагъуэ зэпщIэныгъэхэмкIэ и къудамэм щылажьэ къэпщIтакIуэ гупым я деж нэгъабэ лэжьыгъэ 971-рэ кьагъэхьат. Мы гъэм зэпеуэм хэтыну гукъыдэж зыщIахэм я бжьыгъэм хэхъуащ - ахэр 1136-рэ мэхъу. Абы щыщу 514-р хабзэхьумэхэм, 622-р журналистхэм я лэжьыгъэщI.

Зэпеуэр унэтIныныгъи 10-кIэ зэщIэхэщIыхьауэ екIуэкIащ. Апхуэдэхэщ, псалъэм папщIэ, «Урысейм и

Адыгэм и тхыдэ щIэныгъэм зезыгъэужь

● ТхылъыщIэ

Хъуэткъуэ Самир Адыгейм щыпсэу щIэныгъэлIэ, и ныкъом Iэ щIадзми, Iуэхуфl куэд зыхуэфIэкIа адыгэлIщ.

ДИ ТХЫДЭР щыдж, кIэзыхутэ еджагъэшхуэхэм нобэ яхэткъым иужьрей ильэсипщIым апхуэдизу тхылъ кIыдзэIыжIкIа. КъитIуэнщ абыхэм ящыщ зыбжанэ, зэрытха урысибэзэм тету: «История Черкесии» (Этногенез. Античность..., Санкт-Петербург, 2001); «История Черкесии в средние века и Новое время» (Средние века, Санкт-Петербург, 2001); «Цивилизация Кабарды», (С.-Петербург, 2008). КъищынэмыщIауэ, Самир зэхуихьэсащ адыгэ тхыдэм теухуа дэфтэр куэд, щIипщытыкIащ архивхэр, ахэр я темэкIэ зэхидзэ, зэхитIагъэуэщ, пэублэ псалъэ яхуитхри къыдигъэкIащ тхылъ щхьэпэ зыбжанэ: «Старые Черкесские сады». (Москва, 2005, томитI хъуэр); «Черкесская лошадь» (Налшык, 2008, Коттэровэх я тхылъ тедзапIэ); «Бесленей - мост Черкесии» (Мейкъуапэ, 2009).

Иужьрей тхылъым дытепсэлъыхьынщ. Псом япэрауэ, мыбы и пщIэр зыгъэпIалъэр дэфтэр куэд зэритырщ. Нэхъыбзэу ахэр зытеухуар Псыжь, Уарп, Лабэ, Щхьэгуащэ псыежэхэм Iуса адыгэхэрщ е Урыс-Кавказ зауэм и зэранкIэ а щIыпIэм щтапIэ кIуахэрщ. Тхылъым и пэублэ псалъэ убгъуэм Хъуэткъуэ Самир щыжеIэ адыгэ тхыдэм теухуауэ лэжьыгъэ куэд дыдэ зэрыщIэр, ауэ Iуэху зэIумыбзхэр зэрымынэхь мащIэр. ЩIэныгъэлIэм етх: «Къэбэрдеим и тхыдэр ди пащхьэм къыззэрагалъхьэр Урыс-Кавказ зауэм и зэранкIэ зэрыгъэужьыр. Щыпсэу щыпIэкIи зэгъунэгъут ахэр. Я цIыху бжыгъэкIэ бесленейнэхэр мащIэт, къэбэрдейэхэм, кIэмыргуейхэм, абазэхэхэм, бжьыбгъуэхэм елыгъуэ, ауэ бесленейнэхэр къэбэрдейхэмрэ адрей адыгэ лакъуэхэмрэ зэпызыщIэ лъэмыжщ. Аращ Хъуэткъуэ Самир и тхылъым «Бесленей - Шэрджэсым и льэмыж» щыхIищащи.

Бесленейнэхэр нобэ зэуIуэ зы ныкъом щыпсэу зэрыкъым, Къэрэшей-Шэрджэсым къуажитI щыIщ - Бесленейпэ ВакIуэжьыльэ, Адыгейм Улапэ къуажэмрэ нэгъэущI зыгуэрхэмрэ, хэпхъуэу щопсэу Тыркуми. Бжьыбгъуэхэр хэкIущIащ Кавказ зауэжьым, кIуэм Урыс империем ИХ лIэщIыгъуэм (1864 гъэм) иубыдыху.

НэгъуэщI гупсысэри дэIыгъын хуейщ Хъуэткъуэм. Къэбэрдеймрэ Кърым ЩхьанбгъуэмрэкIэ зэхущытыкIахэм, я зэпыщIэныгъэхэм тратхыхьар мащIэщ. Абыхэм нэхъыбэу кьахэщыжыр кърым тэтэрхэр адыгэхэм къатеуэу, зэрыгъэу зэрыщытащ. Ауэ абыхэм арэзы ухъащыр-къым. Тэтэрхэмрэ къэбэрдейхэмрэ я зэманым зэрыгъэуэрэ я мэщIакъым. Абы щыхьэт тохьуэ Къэнжал зауэри нэгъэущI зауэхэри. (Къэнжал зауэм теухуауэ тхылъ хъарзынэ 2008 гъэм къыдигъэкIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым Гуманитар къэхутэныгъэ-Хэмкlэ и институтым). Апхуэдэ зэхьэлбэлыкъэр яку дэлъаеми, кърым тэтэрхэмрэ къэбэрдейхэмрэ зэзауэ зэпыту щытакъым, благъэ зэхуэхъунри я Iуэхум хэлъу къеКIуэкIащ. Пэжщ, тэтэрхэр нэхъыбэрэ зыпыщIауэ щытар Псыжь адэжь щыпсэу адыгэхэмрэ Кърымым пэгъунэгъуэу щысахэмрэщ, ауэ къэбэрдейхэри абы хэпх хъунукъым.

Хъуэткъуэ Самир и тхылъым и пэублэ псалъэм щегъэув упщIэ зыбжанэ, абыхэм ящыщ Къэбэрдейр щхьэхуэу щызэфIэува зэманым теухуар.

Мыр зэхэбгъэкIыну тыншкъым. Славян льэпкъхэу украинхэр, белорусхэр, урыскъэр XIV лIэщIыгъуэм гъэту зыриз теувауэ ябж. Къэбэрдейр щхьэхуэ щыхъуар XIV - XV лIэщIыгъуэхэрауэ къэзылытэ щыIщ, уеблэмэ къэбэрдейхэр иджы щыпсэу щыпIэм кьызэрыкIуэрэ куэд мыщIауэ (XV лI. и кIэм - XVI лI.) къэзылытэхэри кьыкъуэкIащ. Иужьрейхэм жаIэ къэбэрдейхэр тыркутэтэрхэм я текъуэзэкIэ мы щыпIэм кьэIэпхъуэуэ, кьыздэкIуэри тэтэрхэмрэ аланхэмрэ щытепщэу щытауэ. Ар фIэщ щыгъуейщ. Псом ящ1у, а аланхэм къаур лъэпкъ яIэжакъым а лъэхьэнэм. Ахэр XII лIэщIыгъуэм монголхэм зэтракъутат, т зтэрхэми я къаур ергъэлеятэкъым.

Къэбэрдейхэр иджы щыпсэу щыпIэм кьыщыIэпхъуэр зэхэтэкIыгъуэфIэкъым. Абы теухуауэ Хъуэткъуэм мыпхуэдэ упщIэхэр кьеГъэуэ: аланхэмрэ адыгэхэмрэ дауэ зэхущыту кьекIуэкIа? Ахэр зэхакъутэн и пэ адыгэхэр щыпсэуат Ищхъэрэ Кавказ? Аланхэр зы льэпкъыщ щыт хьэмэрэ зы льэпкъ щыт? Бесленейпэ Идар и пхъур 1561 гъэм урыс пащтыхьым щхьэгъуэ зэрыгъэхъуар, ауэ жьIэпхъэщ абы теухуауэ Мэзкуу кIуа лыкIуэхэм я тхьэмадэу щытар бесленейпэ щыКъаныкъуэ Къапкъыльыш зэрыщIыгъар. Урысейм пыщIэныгъэ хуаIэн хуэдэу япэ дыдэ 1552 гъэм Мэзкуу кIуа пщыхэр Мэшыкъуэ (тхьэмадэ), Елбэздыкъуэ, Тапэшыкъуэ сымэт, бесленейнэхэмрэ абазэхэмрэ къабгъэдэкIыу. 1555 гъэм Мэзкуу кIуахэм я пашэу щытахэр Жанэм япщ Сибокъурэ абазэпщ Тутаркъуэрэт (Дударыкъуэ). Зэрыфlъагъуэр, бесленейнэр мащIэми, политикэ Iуэхум щыпэрытхэм ящыщт.

Бесленейнэхэм я щыхъ бжьыгъэр мащIэу Урыс-Кавказ зауэм ирихьэлIами, абыхэм адыгэ псори зэзыпх щыпIэр яIыгът, Адыгэ Хэкум и курыкупсэм щыпсэурт.

Хъуэткъуэм мы тхылъым къыщIэIуащ нэгъэсауэ къэхута мыхъуахэм ящыщ нэгъэущI зы Iуэху: абазэхэмрэ адыгэхэмрэ зэрызэхущытар, льэхъэнэ зэхуэмыдзэхэм щыгъуэ абыхэм я бжьыгъар, зауэхэм зэрыхэтахэр, яхьуэжа щыпIэхэр. Псомэ ящIэ абазэхэр Абхъаз льэпкъыжмкIэ кьуршым къыщхьэдэхыу адыгэхэм кьаэзэрыхэтIысхьар. ЩIэныгъэлIхэм зэрыжаIэмкIэ, абазэхэр нэхъапэу кьыщыIэпхъуар XIV - XV лIэщIыгъуэхэращ. Бгым кьыщхьэдэкIыу абазэхэр кьыззэрыIэпхъуам зыми щэч кьытрихьэркъым, уеблэмэ абазэбзэм и диалектитIым я зым и цIэр «ашкъэраузщ», «кьэIэпхъуа», «кьыщхьэдэха» мыхьэнэ кьыззэрыкIырщ. Хъуэткъуэм тритъэчыныкъыщэркъым, ауэ хуегъэфащэ абазэхэр а лъэхъэнэм кьэIэпхъуэуэ щытауэ. Ар иджыкIэ щIэныгъэ лъабжьэ зимыIэ гипотезэщ.

Тхыдэтхым щIэуэ хельхьэ абазэхэм ятеучхуауэ зы гупсысэ: «Иужьрей лъэхъэнэхэу лъэпкъхэм щхьэхуиту заужьу щыщытам, Урыс-Кавказ зауэм и пэ кьихуэм, лыгъажкIэ кьуажэхэр зэхэзэехуэн щыщIамыдзам, Псыжь щхьэхуэпIэм деж щыпсэуа адыгэ-абхъаз гупым щыщхэу абазэхэр нэхъыбэзу щытауэ кьыщIэкIынщ». Самир захуэ зыщыт, сыту жьIпIэмэ Псыжь, Инжьыдж, Тебэрды, Уарп псыхьуэхэм я лъэхъэнэм (XVIII лIэщIыгъуэм - XIX лIэщIыгъуэм и пэ ильэсипщIэкIэ) цIыхуу щыпсэуаухэр куэд хуэртэкъым. 1768 гъэм Мэздэгу щыIа ротмистр Шелков Александр Урысей унафэщIэм яхуитхам мыпхуэдэ бжьыгъэхэр кьыщIэкIа: (Гъэртхэм хуэдэу кьыдогъанэ).

«Большая Кабарда по обеим сторонам Кумы, начиная от урочища Бештоу до урочища Бургусант на 150 верст до 20000, однако не более 12000.

... От в вершины Кумы внутри гор: 1) Карачаи - 400, 2) Чегем - 700, 3) Караджаи - 100, 4) Балкар - 50, 5) Дюгер - 150, 6) Балсу - 40... Против кубанских народов к Черному морю в Кавказских горах живут разные народы:

1) Бестенейцы - 700, 2) Беслебайцы - 300 с небольшим, 3) Темергоцы - 13000, 4) Атугайцы - 600, 5) Зана - 300, 6) Безядухсии - 500, 7) Большая Абаза - 400 с небольшим» (Кабардино-русские отношения. т. 2, н. 281).

Мы къэтхьа щапхъэми кьегъэльагъуэ абазэхэр мащIэу зэрыщымытар. Ахэри, адыгэхэм хуэдэу, Кавказ зауэжьым жьыджэгу хэтащ, Iисраф хуауэщ, хэкIуэдахэщ, я кьуажэ куэди яГъэсащ.

Псыжь, Тебэрды, Инжьыдж, Уарп псыхьуэхэм адыгэри, абазэри, къэрэшейуи Кавказ зауэм и зэманым щыпсэуахэр мащIэт, адрей щыналъхэм елыгъауэ. «Арагъэнщ, - етх Хъуэткъуэм, - Псыжь ипщэ льэпкъыжэмкIэ Урысей пащтыхьыдзэр кьебгъэрыкIуэу щыщIидзам и щхьэусыгъуэр, икIи ильэсипщIым щыIуэцIкIэ (1841 гъэм ирихьэлIэу) я кордон гъунапкъэр Псыжь деж кьыщыIуахыу Лабэ нэс щагъэзэпхъуэфар».

А зэманым къэрэшейхэр урысыдзэм кIыхьу еэзуэ-къым, кьару щагъуэри яIакъым. Ахэр пащтыхьыдзэм кьизэуащ 1828 гъэм и зы жэщ-махуэм. 1822 гъэм Къэбэрдеим и1эпхъукIа кьуажэ щыкIу 62-р псыхьуэ зыбжанэм, мэзхэм хэпхъа хьуащ. Ахэр, абазэхэри кьаХэту, лыгъэ яхэлъу зэуащ, ауэ нэхьыбэу кьахуэгъэсэбэпу щыгъэ-ращ». Кьуажэдэсхэм кьеЗауэрт урыс пащтыхьым и дзэ зауэм хуэгъэсар, ахэр ну зэ хьурт, Iэщэкъэ зэщIэуэ, зэдат топхэр яIэт. Адыгэхэр зэкъуэуат Я1пэу яубыда Къэбэрдеим кьикIа хьэжрэтхэм яльэкI кьагъанэрт хьэмэ, ауэ ари мащIэт зэрыпхъуакIуэм упэщIэтынкIэ. ЗыкъомкIэ бийр зэтрагIыгъащ Псыжь льэныкъуэм кьакIуэурэ кьадэIэпыкIу абазэхэхэм я фIыгъэкIэ, ахэращ зи фIыщIэр пащтыхьыдзэр ильэс зыбжанэкIэ Лабэ зэрырфIэмыкIыфар.

Кавказ зауэм теухуауэ куэд дыдэ ятхащ, ауэ иджыри абы пащэну кьыщIэкIынщ. Иджыкъэ нэхъ дызыхуейуэ Хъуэткъуэм кьиныIтар монголхэм, нэгъуейхэм, кьрым тэтэрхэм, тыркуэхэм адыгэхэр зэрапыщIауэ щытар сэтей кьэщIынырщ. Псом япэ иригъэщIыр монголхэм, Дыщэ Ордам ехьэлIа Iуэхуэрщ. Тхыдэтххэм зэрыжаIэмкIэ, монголхэм яубыда адрей льэпкъхэми хуэдэу, адыгэхэр дэкIуэ, зэрамыгъэужьу яIыгъаУэ жаIэ. Ауэ а еплъыкIэм щыхьэт техьуэ дэфтэр гуэри щыIэкъым. Монголхэм Аланиер хьэбэсабэ ящIащ. Абы нужькIэщ Щэрджэс хэкуушхэм нэхъри зыщIыгъуэжьар. Самир упщIэ кьеГъэув: ар монголхэм я IиныкIыпэу хьуауэ убж хьуну, монголхэмрэ щэрджэсхэмрэ ямыIауэ пIэрэ тхьылъымпIэм темыIтха зэгурыIуэныгъэ? Уегупсысмэ, ар уи фIэщ зыщIэхэм урохьэлIэ. Адыгэм кьаэжьIащхэм кьулыкъу щаIыгъащ монголхэм я деж. Абыхэм ди льэпкъым и хэкур кьыхуаГъэнэжа кьудейкъым, атIэ монголхэр зэран хьуауэ кьыщIэкIынукъым нэгъэущI щыпIэ нэщIэр адыгэхэм щызыщIэгъахъэмэ.

ЕпщыкIуплIанэ лIэщIыгъуэм кьыщыщIэдзауэ Дыщэ Ордам етIысэхыу щIедзэ. Абыхэми нэгъэущI льэпкъ Iэпхъуэщапхъуэхэми удыпыIыщхъу кьарихащ емынэ зэым. ЗэрыжаIэмкIэ, 1347 - 1352 гъэхэм я зы бзаджэм ихьащ цIыху мелуан щэ ныкъуэм нэблагъэ, ар щыетат Китайм кьыщыщIэдзауэ Инджылызым нэс. ГъэщIэгъэнщ, ауэ емынэр а зэманым адыгэхэм кьахьыхьакъым. Самир зыриткIмкIэ, адрей къэсыгъанэр я псэ-кIэрщ, я ерыскъы зехьэкIырщ. Адыгэхэм гъавэ ящ мыхьумэ, зэи кьащэхуртэкъым. Гъавэ кьэзыщIэ кьэралхэм щIэрыщIэу кьахьыхьэрт емынэ узыр. Кьхьуть тедзапIэхэм, гъавэ-Iыгъыпlэхэм уз зэрыщIалэр дзыгъуэшхуэхэм хахьэрт.

Адыгэм хьэжьыгъэ куэду зэрахьэртэкъым. Махуэ зытIум ящхьнур яхьэжырт, адрей гъавэр гуэнхэм щаIыгът. Дахэм, гуэнхэм дзыгуэ нэсыртэкъым, ахэр зи щхьэкIэм мывэ пIащIэ джафэ тельпкъом трагъэувэрэт. Псом и щхьэм щхьэщыпIиныкI Iущыкъым дзыгуэ дэкIуеифырт экъым. Арауэ хуагъэфащэ уз бзаджэр адыгэм кьыхэзымыгъэхьар.

Адыгэм я гъавэ хьумапIэм и ухуэжIэр куэд дэкIуэ гъэнуэхэмрэ инджылызхэмрэ кьагъэсэбэпу щIадзащ (Хъуэткъуэм кьеГъэсэбэп Борисов В. 1873 гъэм итха очеркыр. Епль н. 47).

Хъуэткъуэ Самир и пэублэ псалъэ убгъуэм тхылъедэжм кьыхихыбгъуэ Урыс-Кавказ зауэм абазэхэм, нэгъуейхэм, бесленейнэхэм, кьэбэрдей хьэжрэтхэм я хэхуэ и куитынигъэм папщIэ зэрахьа Iисраф теуху куэд, ауэ я нэхъыщхьэ кьэслыитэр тхылъым щыщIэхуэмэхьэса дэфтэрэхэрщ: зауэм хэта урыс генералхэм я рапортхэр, ятха письмохэр, я гукъэкIыжхэр, очеркхэр, льэпкъ зэхуэмыдзэхэм ятеуху тхыгъэхэр, ведомостхэр, картэхэр, сурэтхэр. Лейкъым Ищхъэрэ Кавказым и дунейм, щыупсым, гъуэгуэхэм теухуахэри.

1822 гъэм щыщIэдзауэ Урысейм и хабзэхэр Къэбэрдеим щызэфIагъэуващ, а льэхъэнэм ехьэлIа дэфтэрэхэр нобэм къэсащ, Iуэхугъуэ щыIахэри Iуэхугъуэ щыIахэри тхауэ кьэнащ. Псыжь адрыщIкIэ кьэщIыхута кьэбэрдей хьэжрэтхэм, абазэхэм, нэгъуейхэм, бесленейнэхэм я Iуэхур нэгъуэщIщ. Абдеж зауэр кIыхьлIыкIыхьуат, кьуажэхэри цIыхухэри псыхьуэ-псыхьэкIэрэ кьрах ухэлат. Псалъэм папщIэ, сэ си Жькауэ кьуажэр (пасэм Къубатейуэ, 1865 гъэм щыщIэдзауэ Альэсчыдейуэ щытащ) зэман зэхуэмыдэхэм Iусащ Балькъ, Бахьсэн, Марэ, Марыхьу псыIуфэхэм, Инжьыдж Iуфэ деж и тIысыпIэр тIэунейрэ щихьуэжащ. Адыгэ кьуажэхэр щтапIэ ихьжьу, ягъэIэпхъуэ зэпыту лIэщIыгъуэ зыбжанэкIэ зэрыщытам ди архитектурэр чыбжэгъыфэ ятIагъэувэрэ хуитъэкIуащ. Зи гугъу тщы лакъуэхэм ятеухуауэ документ лIэужьыгъуэ куэд дунейм кьыщытехьар XIX лIэщIыгъуэм икуэрщ. Псалъэм папщIэ, пщы-уэркъхэм я унэщIэхэр Къэбэрдеим деж Щэрдан Екьыб 1825 гъэм кьыщиритхэкIмэ, Псыжь-Инжьыдж льэныкъуэм ефIащIар 1872 гъэрщ (зэгъэзэхуэжауэ, дэщIыгъужауэ Владикавказ деж щыIа комиссиэм щаубзыхуэжу мыхъур щытрагъэувэжар 1896 гъэрщ). Псыжь Кьухьэпlэм текъуауэ нэгъуэщI дэфтэр куэдхэри нэхъ гуныщ щыIэхалъхьар.

Хъуэткъуэм ди пащхьэм кьрилъхьа архив тхыгъэхэр, дэфтэрэхэр, таблицэхэр щатхахэр нэхъыбэзу 1822 - 1914 гъэхэращ. ЩIэныгъэлIхэм я мызакъуэу, мы дэфтэрхэр сэбэп яхэхуэнущ зи кьажжэм и тхыдэм, зи льэпкъым и къежьапIэм, нэгъуэщI зыгуэрхэми лыхьуэж Iэджэми. Къэрэшейхэм, абазэхэм, бесленейхэм, нэгъуейхэм ятеуху очерк щхьэхуэхуэри ихуащ тхылъым. Хэти зэрищIащи, иужьрей ильэсхэм демократие мышум утыкум кьриша цIыхухэр зэныкъуэкъу хъуащ я льэпкъ IуэхуэхэмкIэ. Псом хуэмыдэу етар Ищхъэрэ Кавказым ис льэпкъхэм кьахъжащхьыкIа зыгуэрхэращ. Абы яхэтщ кьулыкъу зыфIэкIуэдахэр, щIэныгъэ «къэзыщIэхуэдэхэр», цIыху кьызэрыгуэкIэр зыгъэделауэ зыгъэпэшхуэхэр. Уи жагъуэ зэрыхъунщи, нобэ националист пхъашэ хьуахэм яхэтщ щIэныгъэ1 Iущхэри. Иужьрейхэм акьыли хьилмыи яIэщ, ауэ ямыIэр напэщ. Абыхэм кьагъасэбэп «ахъшэ дела» кьызыхэхъуэ иджырей хьэрычэтыщIэ языныкъуэхэм я мылькур. Политик щхьэхуэмэ я къэрэмкым тхыдэм теухуауэ пцIы упсынщ. Тхыдэ щIэныгъэм и псыр гъэутхъуэхэм хэлIыфIыкъащ бгъущI гъэхэм кьеЖьа льэпкъ зэгухъэныгъэхэр.

«Пщым лъакъуэ щIэткым», - жаIэ адыгэ псалъэжьым. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, пщым лъакъуи, щхьэи, щIэныгъи иIэщ нобэ. Пщыр кьат телевизоркIэ, радиокIэ, тхылъхэм щатх, газетхэм традзэ. Хуитныгъэм псэщIэ хилъхащ пщым, абы щыIэ пIэ куэдкэр зэщIегъэхъэ, интернетым и напэкIэщIхэм ирожж. Ахъшэ щIэптмэ, узыгъэлIэну «хущхъуэр» зэрахъуэкIынущ узыгъэхъужьыкIэ. Дауэ упсщIэтыну демократием и псы кьнуам? ИджыкIэ хущхъуэ щыIэкъым, ауэ тхыдэм елэжьхэм, псом хуэмыдэу блэкIа льэхъэнэм тетхыхьхэм, нэхъыбэу тегъэщIапIэ ящIын хуейр дэфтэрэхэщ, архив тхыгъэхэрщ, ятIыщыхьэмэн хуейщ кьэхутэныгъэкIыкъащIамыдзэ щыкIэ ар зэрируэкынур зыщIэ щIэныгъэлIхэм. Къэутхъуэ Самир кьихь документхэр сэбэп яхуэхъунущ этнографхэм, тхыдэтхэм, зи льэпкъым и блэкIар пэжым тету зэзыгъэнну хуей дэтхэр зи цIыхуми. Зэуэ жьIэн хуейщ а дэфтэрхэм, псом хуэмыдэу Урыс-Кавказ зауэм теухуахэм, жаIэ псори пэжым зэрытемыщIыкъыр. Урыс пащтыхьым и блыгущIэт офицерхэр, генераллэр эи хэку зыхэтмэжьыну кьапщIэува адыгэхэм, абазэхэм, нэгъуейхэм зэреджэр «хищники» псалъэ дыджыщ. Езыхэр зэрыпхъуакIуэу хамэщI кьыззэрыкIуар «зыщагъэгъупщжауэ», зиусхьэнIэ зоджэжьэр, ауэ зэхэзэхуэн ящIахэм, зи кьуажэ ягъэсхэм, зи сабийхэр, лIыжь-фызыжь зэтраугIэм ирапэсщ «беглые кабардинцы» псалъэ мыщхьэпэхэращ. КьамыкIыху зрагъэуIуэфIыну, зрагъэуIуэ

● Футбол

Гъэущокъуэ Арсен «Сатурн»-м топ худегъэкI.

Евролигэм дыхуишэу иджыри зы лъэбакъуэ

«Спартак-Налшык» (Налшык) - «Сатурн» (Мэзкуу область) - 2:0 (1:0). Налшык. «Спартак» стадион. ЩэкIуэгъуэм и 5-м. Щыхъ 8000 еплъащ.

Судьяхэр: Попов (Екатеринбург), Харламов (Тюмень), Глот (Ярославль).

«Спартак-Налшык»: Колинько, Концедаловым, Джудович, Васин, Йованович, Джатэрывэ, Леандр у, Гогуа (Прикар дэ Жез ус, 90), Гъэущокъуэ, Сирадзе (Голич, 76), Дядюн (Рылов, 32).

«Сатурн»: Ковтун, Парфенов, Игонин, Зелао, Ангбэ, Немов, Сапетэ, Махмудов, Иванов, Карякэ, Топич (Кузьмичев, 86).

Топхэр дагъэкIащ Концедаловым, 45+1 - (пенальтикIэ) 1:0, Гъэущокъуэм, 63 (2:0).

Дагъуэ хуащIащ Джатэрывэм.

ГЪЭ ДЖЭГУГЪУЭР и кIэм нэблэгъащ. Дэтхэнэ зы командэмэ зэхьэзэхуэм щыщIидзэм зыхуигъэувыжа кьалэнхэр зэрызригъэхъулIэнымк I хущIокъу. Турнир тablицэм и иужьрей увыпIэхэм ерагькIэ кьикIа «Сатурн»-м и мурад нэхъыщхьэр игъэзэщIауэ жыпIэ хьунущ. «Спартак-Налшыкым» и Iуэхур щызэхэкIынур дяпэкIэщ.

Мэрем кIуам Налшык щызэхэта зэIуцIэр хэгъэрейхэм жыджэру кьыщIадзащ. НэгъуэщIуи хъунутэкъым, ди щIалэхэм я дежкIэ иужьрей джэгугъуэхэм мыхьэнэншэу яIэщ - Евролигэм хыхьэну Iэмал кьезыт етхуанэ увыпIэм щхьэкIэ абыхэм бэнэныгъэ гуащIэ драгъэкIуэкI Мэзкуу и «Локомотив»-м.

Ялэ дакьикьхэм щегъэжьауэ, «Спартак-Налшыкым» кьыпхьхуэу щIидзащ хъэщIэхэм я гъуэм зэрекIуэлIэну щыкIэхэр. Зыбжанэрэ апхуэдэ Iэмалхэр кьыхэрагъэпэщыну хэтащ Леандрурэ Дядюнрэ, арщхьэкIэ «Сатурн»-м и гъуащхьэхъумэхэм яфIэкIыфакьым.

Хэгъэрейхэм я жыджэрагьыр псынщIэ дыдэу тепщэныгъэм хуэкIуэ. Гупыых уэу мэзкуудэсхэм я лъэныкьуэмкIэ зыщызыгъэбыда ди щIалэхэр Кински и гъуэм щIэх-щIэ хьурэ бгъэдыхьэрт. Абыхэм ящыщ зым штрафнойкIэ Йовановичыр лъэщу зэуа топыр гъуэм дыхьэнымащIэ дыдэщ иIэжар.

Ялэ Iыхьэм и ныкьуэм щынэблэгъаи «Сатурн»-м хэгъэрейхэр я лъэныкьуэмкIэ кьигъэкIуэт зкат. Абы кьищынэмыщIауэ, хьэщIэхэм контратакэ псынщIэхэр кьыхэрагъэпэщ хьуад. Апхуэдэхэм языхэхэм гъуащхьэхъумэныкьуэ Махмудовым топыр налшыкдзэхэм я штрафнойм ит Немовым хуигъэжащ, ауэ метрипщIкIэ фIэкIа гъуэм пэмыжыжьэ иужьрейр абы техуакъым.

КIуэ пэтми бэнэныгъэр нэхъ кьыхэщIэплъэрт. Джэгуплэ губгъуэм и кум топым куэдрэ зыщIэжьэртэкьым - зы штрафнойм кьикIмэ, адрейм псынщIэ дыдэу иэсырт.

Джэгум фIы дыдэу хэхэгъат дзыхь кьыхуащIу ялэ дакьикьэхэм кьыщыщIэдзауэ губгъуэм кьрагъэхьа Гъэущокъуэр. Арсен «Сатурн»-м и гъуащхьэхъумэхэм яIэщIэкIри, лъэщу гъуэм еуащ, арщхьэкIэ гъуащхьэтетым пэжыжьэ плIанэпэм ар зымащIэкIэ техуакъым. Ялэ Iыхьэм и иужьрей дакьикьхэмри гъуащхьэу щIалэщIэм кьыхэжаныкIыну Iэмал иIаш, арщхьэкIэ Джатэрывэм кьита топым ар щыпэс дыдэм гъуэм кьыдэкIа Кински абы кьригъэгъэзащ.

Ар ящ-ящ дакьикьэм хьэщIэхэм я гъуащхьэхъумэхэм Зелао гъуэм хуэкIуэ Сирадзе хабзэм тету кьыхуэгъэзэвыIакъым - пенальти. Ар Iэ́эзу зыгъэ́эзащIа Концедаловым и хьэрхуэрэгъуэм зы Iэмали кьыхуигъэнакьым - 1:0.

Ялэ Iыхьэм и иужьрей дыдэ дакьикьэм бжьыгъэр кьыщIэзыха «Спартак-Налшыкым» етIуанэм зэпымыууэ зэрребгъэрыкIуэм «Сатурн»-м пигъэувын иIэтэкьым. Я кьару псорн захъумэжьыным езыгъэгъэрыкIуэм «Сатурн»-м пигъэувын иджы зы Iэмали кьахукьуэкIыртэкьым.

Джэгум зэрыщIидзэжрэ дакьикьэ зыбжанэ фIэкIа дэмыкIауэ, кьыкIэлыкIуэ угловойр Джатэрывэм кьыхитащ. Метр зытхухкIэ гъуэм пэжьажэ Сирадзе абы щхьэкIэ еуащ, арщхьэкIэ бжьыгъэр игъэбгъэуэну хуэзфIэкIакьым. Куэд мыщIэу Кински и гъуэм ЛеандруебгъэрыкIуащ. Ар лъэщу зэуа топыр хьэщIэхэм я гъуащхьэтетым ерагьыуи угловоим зэрригъэкIуар.

Хэгъэрейхэм я тепщэныгъэр кIуэ пэтми нэхъ ин хъурт дакьикьэ кьэс абыхэм ебгъэрыкIуэныгъэ шынагъуэхэр кьыхэрагъэпэщырт. Апхуэдэу зэкIэлъхьэжьыу зэм Йованович зэуа топыр перекладизнэм щхьэпрыльэтащ, мыдрейм Сирадзе штангэм техуащ.

ЕбгъэрыкIуэныгъэ кIыхьым хуэфэщэн кIэух иригъэгъуэтащ Гъуэщокъуэм. Гоуа штрафнойм кIыхита топыр футболист зыбжанэм ятехуа нэужь кьэлъеижащ. Абы ящэу Арсен нэсащ икIи 2:0 ищIащ.

Арэзы кьэзыщI бжьыгъэр ихьумэн папщIэ «Спартак-Налшыкыр» хуэмурэ кьикIуэтыжри, и лъэныкьуэмкIэ зыщигъэбыдащ. ХьэщIэхэр зыбжанэрэ хэтащ зэщхьэщыкIыныгъэр нэхъ мащIэ ящIыжыну, арщхьэкIэ абыхэм я еетъэрыкIуэ я зыныгъэхэр ди гъащхьэхъумэ хэм кьыхэпаудырт.

ТекIуэныгъэр зи Iэрылъхьэу кьэзылыта налшыкдзэхэм зэIущIэм и иужьрей дакьикьэхэм набдзэгубгъапльагъэр яфIэкIуэдащ икIи гъуэм хуэкIуэ Карякэ хабзэр кьыхэпиуду фIэкIа Джудович кьиригъэувыIэфакъым. Штрафнойр кьэзылэжьам игъэзэщIэжащ. Ар зэуа топым Колинько и Iэзагъ льагэр кьигъэлъагъуэу кьриригъэзэащ икIи и командэр кьригъэлащ. Абы и ужькIэ «Спартак-Налшыкым», зэрыжаIэу, зыкьригъэбыдэкIыжри, зэIущIэр и текIуэныгъэкIэ иригъэухащ.

ПощIрэ ебланэ джэгугъуэм хиубыдэу Владикавказ щызэхэта «Алания»-мрэ «Локомотив»-мрэ я зэпэщIэтыныгъэр 0:0-у зэриухам и фIыгъэкIэ, мэзкуудэсхэмрэ ди командэмрэ я очко бжьыгъэхэр аргуэру зэхъуэдиз хьужащ. ЦСКА-м 4:3-уэ «Крылья Советов»-м ефIэкIри, етIуанэ увыпIэм щыхьэкIэ бэнэныгъэм пищащ. «Зенит»-м Новосибирск щригъэкIуэкIа зэIущIэм щIэдзэкIэ гъэщIэгъуэн дыдэ игъуэтащ: еханэ дакьикьэм ирихьэлIэу «Сибирь»-р хьэщIэхэм 2:0-у я ятекIуэрт. АрщхьэкIэ зэман кIэщIым кьриубыдэу зэкъуэувэжа «Зенит»-м и футболистхэр зэIущIэм 2:5-уэ щыгтекIуэжащ.

Адрей командэхэм я зэIущIэхэм мыпхуэдэ бжьыгъэхэр кьарикIуащ: «Ростов» (Дон Iус Ростов) - «Динамо» (Мэзкуу) - 1:1, «Амкар» (Пермь) «Тэрч» (Грознэ) - 2:0, «Анжи» (Мэхьачкьалэ) - «Томь» (Томск) - 1:0.

ЕтIуанэ увыпIэм щхьэкIэ бэнэныгъэ езыгъэкIуэкI «Рубин»-мрэ жэз медалхэм хущIэкъу Мэзкуу и «Спартак»-мрэ я зэIущIэр дыгъуасэ Кьэзан щызэхэтащ.

КьыкIэлыкIуэ зэIущIэри ди щIалэхэм Налшык щрагъэблагъэнущ Мэзкуу и ЦСКА-р.

ЖЫЛАСЭ Замир.

Премьер-лигэм зэхьэзэхуэр зэрыщIекIуэкIым и тепIэр

Командэхэр	Дж.	Кь.	З.	Фl.	Т.	О.
1. «Зенит»	26	19	6	1	53-16	63
2. ЦСКА	26	16	6	4	44-19	54
3. «Рубин»	26	15	9	2	32-11	54
4. «Спартак»	26	13	7	6	40-28	46
5. «Локомотив»	27	12	7	8	31-27	43
6. «Спартак-Налшык»	27	12	7	8	37-30	43
7. «Динамо»	27	9	11	7	35-27	38
8. «Ростов»	27	10	4	13	25-34	34
9. «Тэрч»	27	8	8	11	25-28	32
10. «Томь»	27	8	6	13	30-41	30
11. «Сатурн»	27	7	8	12	22-34	29
12. «Анжи»	27	7	6	14	22-35	27
13. «Крылья Советов»	27	6	8	13	27-40	26
14. «Амкар»	27	7	4	16	19-32	25
15. «Алания»	27	6	7	14	21-38	25
16. «Сибирь»	27	4	6	17	32-55	18

Зэныкъуэ жъуныгъэр дэни щыгуащIэ.

«Спартак-Налшыкым» кьыдэщIхэр.

Щалэгъуалэ зэпеуэ

ТекIуэныгъэ гугъу

«Спартак-Налшык» (Налшык) - «Сатурн» (Мэзкуу область) - 2:1 (0:1). ЩэкIуэгъуэм и 4-м. Прохладнэ. «Центральнэ» стадион. Щыхъ 1000 еплъащ.

Судьяр Погарченко (Шахты).

«Спартак-Налшык»: Щоджэн (Кьумыкьу Артур, 84), Маляров (Соблыр, 46), Щаницын (Хьэгъэбанэ, 59), Амирханов, Деяк, Плиев, Кхъэныхъ, Трубицин (Михеев, 87), Митришев, Болэ (Шаваев, 74), Хохлов.

«Сатурн»: Чилюшкин (Романов, 46), Грачев (Власкин, 46), Бояринцев (Семячкин, 63), Ковель, Лапин (Гъубж, 74), Анисимов (Пчелкин, 87), Курбанов, Молодцов, Никитинский (Кулешов, 70), Плопа, Брагин (Дегтярев, 90).

Топхэр дагъэкIащ Анисимовым, 35 (0:1). Митришевым, 63 (1:1). Кхъэныхъым, 83 - пенальтикIэ (2:1)

Дагъуэ хуащIащ Плиевымрэ Романовымрэ.

«СПАРТАК-Налшыкымрэ» «Сатурн»-мрэ я щIалэгъуалэ гупхэр зэпэщIэмыуващэу зэIущIэр екIуэкIырт. Джэгум жыджэрагъ кьыщыхьэкIыжащ сыхьэт ныкъуэ дэкIа иужькIэщ. Мэзкуудэсхэр гупышхуэу ипэкIэ кIуатэри, Анисимовым и командэр ялэ иригъэщащ - 0:1.

ЕтIуанэ Iыхьэр ди щIалэхэм нэхъ жыджэру кьыщIадзэжащ. Налшыкдзэхэр щIэх-щIэхьурэ хьэщIэхэм я гъуэм екIуалэрт. Абыхэм ящыщ зым и насып кьыщикIащ Митришевым. «Сатурн»-м и гъуащхьэхъумэ зыбжанэм кьапеекIуэкIри, ар лъэщу гъуэм еуащ икIи бжьыгъэ зэхуэдэ ищIыжащ.

А Iуэхугъуэм «Спартак-Налшыкым» и футболистхэр тригъэгушхуащ. Гупышхуэу ипэкIэ кIуэта хэгъэрейхэм хьэщIэхэм зэрыкомандэу зыщахьэумэрт.

ИкIэм-икIэжым, ебгъэрыкIуэныгъэ зэпымыур «Сатурн»-м хуэзтеIыгъажым. Абыхэм ящыщ зым гъуащхьэхъумэхэм яIэщIэкIа Кьэуэныхьыр ирауду фIэкIа кьахуэгъэувыIакъым - пенальти!

Ар кьэзылэжьам Iэзэу игъэзэщIащ икIи и командэм текIуэныгъэ кьыхуэзыха топыр дигьэкIащ - 2:1.

Адрей командэхэр иужьу мыпхуэдэу зэдэджэгуащ: **«Ростов» - «Динамо» - 2:0, «Анжи» - «Томь» - 1:2, «Амкар» - «Тэрч» - 3:1, «Сибирь» - «Зенит» - 3:3, «Алания» - «Локомотив» - 1:1, ЦСКА - «Крылья Советов» - 1:4, «Рубин» - «Спартак» - 0:0.**

КЪЭХЪУН Бэч.

Зэ́IущIэ нэужьым

ГОРДЕЕВ Андрей, *«Сатурн»-м и тренер нэхъыщхьэ:*

ЩIалэхэм дызэхащIыкI

- Ди жагъуэ зэрыхъущи, зыкIи зэмыщхь Iыхьит I еблэкIуэкIащ. Ялэм ди мурадхэм я нэхъыбэр кьыщыдэхъулIауэ кьызэлъытэ. АдэкIэ Iуэхур нэхъыкIэ щытащ. Абы щхьэусыгъуэ хуэхъуауэ кьызэлъытэ ди гъуэм пенальтикIэ топ кьыгъэрыдагъэкIар.

- Кириченкэ Дмитрий нобэ сыт щIэмыгъэлэжьуар?

- Ди хьэрхуэрэгъуэхэр лъагагъкIэ кьытщхьэщыкIыпри, нэгъуэщI кьидгъэхьи хуей хъуащ.

- Мылыку и лъэныкьуэкIэ «Сатурн»-м лъэпощхьэпо гуэрэр иIэу хъыбар щыIэщ. Абы укьытхутепсэлъыхьамэ ди гуапэ.

- Сэ сызэрепГымыкIа, «Сатурн»-р щыIащ, щыIэщ икIи щыIэнущ. Пэжщ, зэкIэщытыкIэр гугъущ. Командэм щылажьэхэми футболистхэми ар фIыуэ къагурОIуэ. ФIыщIэ яхуэсщIыну сыхуейщ, а щытыкIэм емылытыгъуэ, губгъуэм кьинхьэурэ зи къару емыблэжу джэгу щIалэхэм.

КРАСНОЖАН Юрэ, *«Спартак-Налшыкым» и тренер нэхъыщхьэ:*

Куэд щIауэ дызыпэплъа

- ПщIэдэз дакьикьэхэр хъарзынэу едгъэкIуэкIащ, ауэ ди тепщэныгъэр кьытхуэгъэзэбгъакIым. Джэгугъэр хьэлъэу щытащ, щIалэхэм щIыуагъэ куэди яIэщIэкIащ. ЕтIуанэ Iыхьэм тепщэныгъэр дутIыпщакIым. Си гуапэщ дызэрытекIуар икIи топ кьытхудамыгъэкIыу зэIущIэр зэриухар - апхуэдэ куэд щIауэ кьытхуихуатэкьым.

- ХьэщIэхэм я гъуащхьэтет Кинскирэ уэрэ зэIущIэ иужьым сыт фIыгъэтесдыхьар?

- Премьер-лигэм дызэрыхэтрэ ныбжьэгъу дызэхуэхъащ дэ. Антонин мы гъэ джэгугъуэр иухмэ, и унэ егъэзэж. ИужькIэ дызэхуэмыгъэ хъуэмэ жыгIэри, сэлам зэтхьэжауэ аращ.

- Дядюн зыгъэгъуэ фбжьыр щынагъуэ?

- Щынагъуэу кьыщIэмыкIыну щыIэтыгъынщ.

МЭЗКУУ Къанщобий.

● Хъуэжъу

Дзэлыкъуэ куэйм хьухьэ Сэрмакъ къуажэм щытсэу Махуэ Хьусен кьыщалъхуа махуэщи, дохъуэхъу

ФIыуэ тлъагъу Хьусен! ГъащIэм гу щыпхуэрэ абы и IэфIыгъэ псори зыхэпщIэу, уи узыншагъэр мыкIуэщIу, уи быным я насыпым, къуэрылъхъ-пхъурылъхуэрэ я екъулIэныгъэм уригушхуэу, уи жьагър уардэ унэу, дрэжьгъуэмрэ фIыгъуэмрэ ущымыщIэу, уи хъуэпсапIэ псори кьохъулIэу илъэс куэдкIэ утхуэпсэуну ди гуапэщ.

ПщIэ кьыпхуэзыщI Ленэ.
Налшык къалэ.

● Спорт хъыбаркэр

Дэни щылъэщ Умар Артем

Томск щекIуэкIащ алыджэ-урым бэнэкIэмкIэ дунейпсо зэхьэзэхуэр. Ар теухуауэ щыгащ щэнеирэ Олимп чемпион Карелин Александр и саугъэтыр къэкIыным. Абы щытекIуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и командэ кьыхэхам хэта. Дей къуажэм и спорт школым и гъэсэн Умар Артем.

З ЭХЬЭЗЭХУЭМ ирихьэлIащ У рысей Федерацэм и бэнакIуэхэм нэмыщIа, хамэ къэралхэм кьикIахэри. Умар Ар тем щыбэнэ хьэлъагъым (кг 76-м) спортсмен лъэрызехьэ, щIэрыIуэ куэд зэрыхэтам нэхъ лъапIэж ищIащ ди лъэпкъэгъуэм и текIуэныгъэр. Дэтхэнэ зэIущIэми абы и хьэрхуэрэгъуэхэр щыхигъэщIащ. Ялэ увыпIэм хуэфащэ медалым нэмыщI, Карелин Александр Умарым кьритащ дыщэ сыхьэти.

Нуэкьыкь Артем хэтащ Оренбург областым и Бугуруслан кьалэм бэнэкIэ хуитымкIэ щекIуэкIа Урысейпсо зэхьэзэхуэм. Республикэм и командэ кьыхэхам хэту, абыи ди лъэпкъэгъуэм дыщэ медалыр кьыщихьащ.

Умарым и фIыщIэкIэ, гуп зэхьэзэхуэм ди республикэм пашэныгъэр щиубыдащ. Иджыпсту спортсмен ныбжьыщIэм зыхуегъэз хьэзыр Пермь щекIуэкIыну къэрал зэпеуэм.

ТЕМЫР Ланэ.

Нэгъуей Елдар и текIуэныгъэ

1990 - 1991 гъэхэм къалъхуа ныбжьыщIэхэм я зэхьэзэхуэ. Урысейм самбэмкIэ пашэныгъэр къыщыхьыным т еухуауэ Саратов щызэхэтащ. Абы зэкъуащэат Урысей Федерацэм и щIыналъэ 20-м, Москва, Санкт-Петербург къалэхэм я бэнакIуэ нэхъыбэ 145-рэ.

ДИ РЕСПУБЛИКЭМ и лIыкIуэ, Лашынкъей сабий-ныбжьыщIэ спорт школым и гъэсэн Нэгъуей Елдар килограмм 68-рэ зи хьэлъагъхэм я деж етIуанэ увыпIэр къыщихьащ икIи спортымкIэ мастерым и нормативхэр игъэзэщIащ.

СамбэмкIэ районым ялэ дыдэу апхуэдэ екъулIэныгъэ зыIэрызыгъэхьа щIалэмрэ абы и тренерхэу Бейтыгъуэм Русланрэ Къуущхьэунэ Замиррэ Шэджэм куэйм щагъэльэпIащ.

АХЪИЙ Iэсият.

«Бжьыхьэ дыщафэ»

Щыгалакiуэхэм я ятIонэрэ щIыкIуэ щIэныгъэм и ныбжьыщIэхэм я зэхьэзэхуэ. Ар къызэрагъэпэщащ КъБР-м ЕтIэджанэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэмрэ республикэм Сабинэмрэ щIалэгъуалэмрэ я творчествэмкIэ и уэрэмрэ. Зэхьэзэхуэр зэхуаублащ «Бжьыхьэ дыщафэ» зыфIаща кросскIэ.

КъАЛЭХЭМРЭ куейхэмрэ пашэныгъэр кьыщызыхьахуэ республикэм и щколхэм я командэ 11 зэпеуэм хэтащ. ЩIалэ щIыкIуэхэм я деж бжьыпэр щаубыдащ Аушыджэр къуажэм къикIахэм. Налшык дэт лицей №2-м и гъэсэнхэм етIуанэ, Пролетарскэм и щколхэм ещанэ увыпIэхэр кьахъащ.

Хьыджэбз щыкIухэм я зэхьэзэхуэм Прохладнэ дэт курыт еджапIэ №5-м и гупыр псоми щефIэкIащ. ЕтIуанэ, ещанэ увыпIэхэр яIыгъыгъ Терескэ, Пролетарскэ къуажэхэм я школакIуэхэм.

Щхьэзакъуэ зэпеуэм метр 600 гъэгуанэр зэпычыным щыгъкIуащ Коллярвскэм щыщ Глаковэ Дианэ. Метр 800-м кьыщыдзэдзэкъым Пролетарскэм и щколакIуэ Сидоренкэ Вероникэ ящи щыщIыхьакъым. Налшык дэт курыт еджапIэ №24-м щIэс Ашэбокъуэ Нинэ щытекIуащ километр гъэгуанэр кьыдзэзыпэкIахэм я деж.

Метр 800-м кьыщыдзэдзэжа щIалэ щыкIухэм я деж щытекIуащ Кьармэхьэбэ щыщ Шэру Русланрэ Учебнэм кьикIа Набожкин Владимиррэ. Километр гъэгуанэр кьыщыдзэранэкIым, ауушыджэрдзэс Бицу Исльам зыри лъэщIыхьакъым. Метр 1500-рэ гъэгуанэм щызэпеуахэм я деж кьыщыхэжаныкIащ абы и кьуажэгъу Жылокъуэ Темрыкъуэ.

НэхъыфIхэр кьыхах

«Спартак» стадионым и спортзалым щекIуэкIащ дзюдомкIэ зи чэзу республикэ зэпеуэ. Абы щызэныкьуэкьуа спортсмен 100-м я нэхъ лъэщхэм Iэмал яIэнут Ипщэ Федеральнэ щIыналъэм и чемпионатым хэ тынуэр кьызыхахыну гупым хэжуну.

Я ХЬЭЛЪАГЪ етIытатуэ зэхьэзэхуэ гуащIэм щытекIуащ Къэзан Кьантемыр, Кьардэнгъуэ Ибрэхьим, Кьыгьыш Алим, Рахаев Солтан, Мэремыкьуэ Аэзмэт, Дзу Беслъэн, Сальхов Мурат сымэ.

ЮФФ-м и чемпионатым хэтынухэр Дон Iус Ростов къалэм щэкIуэгъуэм и 18 - 20-хэм кьыщыхахынущ. Республикэ зэпеуэм екъулIэныгъэ щызыIэрызыгъэхьа ди спортсменитху абы хэхуащ.

ЕЛБЭРД Инал.

● Гу зылъытапхъэ

ГушыIэмрэ ауанымрэ я театр

ГушыIэмрэ ауанымрэ я театру Петроскэ Сергей зи унафэщIым фрегъэблагъэ урысей эстрадэм и артистхэм щызыщащIыж «Артисты на бис» щыпхьэщхьэм. Театрым ди деж япэу зыкъыщегъэлъагъуэ.

Пшыхьым «хэтынуф» уэрэджыкIуэхэу Аллерговэ Иринэ, Ротару Софие, Кирковов Филипп, Повалий Таисие, Пугачевэ Аллэ, Моисеев Борис, Успенская Любовь, Распутинэ Машэ, Басков Николай, Королёвэ Наташэ, Леонтьев Валерий, Лолитэ, Шура сымэ, нэгъуэщIхэ-ри.

ЩэкIуэгъуэм и 15-м сыхьэт 18-рэ дакьикъэ 30-м щIидзэу Налшык и Къэрал концерт гъэлъэгъуапIэм щекIуэкIынущ.

Бахьсэн къалэ дэт ЩэнхабзэмкIэ унэм щэкIуэгъуэм и 16-м сыхьэт 18-м щыщIидзэнущ.

УпщIэ зиIэхэр Къэрал киноконцерт гъэлъэгъуапIэм **44-22-10**, Бахьсэн къалэм дэт ЩэнхабзэмкIэ унэм - **4-10-16** телефонхэмкIэ фыпсалъэ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

Жылласэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **ЖЪЭКIЭМЫХЬУ Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **ГъущIо Зариф, Истэпан Залинэ, Кьардэн Маритэ, Хьэжыкъаро Алик.**

ДИ ХЭЩIАПIЭР

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и щIэкIэ щыIэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэныкьуэхуэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 47-22-63, 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъуэмэ Iуэхущ1ап1эхэм ядзлажьэныжьмкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущ1ап1эм - 42-26-41; сурэтхэм - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжьыгъэхэм, кьыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху епльыкIэр зэтехуу зныгъ щытекIым.

Газетыр Iэ тезыдахэм яхуэхьынир и щIэ дальщ КъБР-м федеральнэ пошт зэныщIэныгъэмкIэ и управленом.

Тел.: 42-69-34

Газетыр щыпмкIэ жэуап ехь КъБР-м и "Роспечать" АО-м.

Тел.: 42-69-34

Газетыр 1989 гъм дыгъэгъэзэн и 16-м №11-0065-м щIэту ятащ.

Зы ильэсым газетыр 250-рэ кьыдокI.

1905 гъэм щыIа Революцэм и щIэр зезыхьэ Республикэ полиграфкомбинат, Налшык къ., Ленным и щIэкIэ щыIэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы кьыджкIыгъуэм елэжьахэщ: **жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Дышэкl Соня, редактору ЖъэкIэмыхьу Маринэ, корректорхэу ПхытIыкI Юрэ** *(1, 2-нэ нап.)*, **Щоджэн Заирэ** *(3, 4-нэ нап.), КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ* **ГъукIэлI Рае, Щомахуэ Марианнэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

Номерыр "Адыгэ псалъэм" и компьютер Iнатlэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ щытредзар сыхьэт 21.00-рщ.

Индексыр 51531● Тираж 10.125● Заказ №3128